ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№123 (24.405) • 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ



**Налшык къалэм щекIуэкIащ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуауэ щыта гузэвэгъуэшхуэм теухуа пэкIу. Хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэу абы щыгъуэ хэкIуэдахэм я фэеплъым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек удз гъэгъахэр трилъхьащ.**

ФЭЕПЛЪ зэхуэсым хэтащ жылагъуэ лIыкIуэхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

«Зыми хуэбгъэгъу мыхъуну а щIэпхъаджагъэр илъэс 17 хъуа-уэ гуауэшхуэу псоми ди псэм телъщ. Дэ хэкIуэдахэм ди щхьэр лъахъшэу яхудогъэщхъ, республикэр террористхэм ящызыхъумауэ щытахэм я лIыхъужьыгъэм пщIэ худощI. Террористхэмрэ ахэр къызыкъуэгушхукIхэмрэ я гущIэгъуншагъэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ гъунапкъэ зэримыIэр ноби ди нэгу щIокI. Абы и щыхьэтщ дунейм и щIы - пIэ куэдым, ди къэралри яхэту, къыщыхъу хьэкIэкхъуэкIагъэхэр. Апхуэдэщ Киев тепщэнигъэр щызыIыгъхэм зэхащIыхьхэр. Дэ псоми ди къалэнщ террористхэр тегушхуэнигъэ тхэлъу зэтеткъутэну. Властым и органхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, зэрыщыту цIыхубэм ди къарур зэдгъэуIумэщ а цIыхугъэншагъэм дыщыпэлъэщынур, мамырыгъэ ди щIыналъэм щызэтедгъэувэфынур», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм захуигъазэри.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Павлов Василий пэкIум кърихьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм я лIыхъужьыгъэм и фIыгъэкIэ Налшык къытеуахэр зэрызэтракъутар. Ауэ IэщэкIэ зэщIэузэда бандитхэм абы щыгъуэ хабзэм и хъумакIуэу 35-рэ яIэщIэкIуэдащ. «Абыхэм я щIыхькIэ къэ-рал властым и органхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ республикэм фэеплъхэр щагъэув, лIыхъужьхэм я цIэхэр школхэмрэ уэрамхэмрэ фIащ, хэкIуэдауэ щыта ди лэжьакIуэхэм я унагъуэхэм сытым дежи муниципальнэ властхэм дэIэпыкъуныгъэшхуэ ират», - къыхигъэщхьэхукIащ Павлов Василий.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэм и махуэм теухуа и хъуэхъу



Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэмрэ а IэнатIэм и ветеранхэмрэ я махуэмкIэ сынывохъуэхъу.

Гъуэгур зыхуей хуэзэу щытыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Транспорт Iуэхум и зыужьыныгъэм куэдкIэ елъытащ республикэм инвесторхэмрэ туристхэмрэ къызэрыхуеблэгъэнур, къыщыщIагъэкIхэм зэрыхэхъуэнур, хьэрычэтым зэрызиужьынур, социальнэ IэнатIэмрэ цIыхухэм я псэукIэмрэ зэрефIэкIуэнур.

Къапщтэмэ, нобэ гъуэгу IэнатIэм зиужь зэпытщ. ЕужьэрэкIыу ирагъэфIакIуэ федеральнэ, щIыналъэ, щIыпIэ гъуэгухэр, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ я уэрамхэр, унэ зэтетхэм я пщIантIэхэр. Мы IэнатIэм хуабжьу къыщагъэсэбэп хъуащ иджырей технологиехэр, гъуэгур нэхъыбэрэ телъын папщIэ ирахьэлIапхъэ пкъыгъуэхэр.

Си гуапэу фIыщIэ ин фхузощI лэжьыгъэм псэ хьэлэлкIэ фызэрыпэрытым, IэнатIэм къыщывгъэлъагъуэ Iэзагъым, Iуэхум хувиIэ жэуаплыныгъэм папщIэ.

Си фIэщ мэхъу дяпэкIи Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы и цIыхухэмрэ я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ фхузэфIэкI зэрывлэжьынур.

Узыншагъэ быдэ, зэIузэпэщыныгъэ фиIэну сыфхуохъуахъуэ.

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэм и унафэщI Гулевский Анатолий. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр Павлов Василийрэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэхэмрэ.**

## Зыужьыныгъэм хуэгъэпса зэгурыIуэныгъэ

«ДИНАМО» спорт зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм адэкIэ и лэжьэкIэнум зэIущIэм щытепсэлъыхьащ. КъищынэмыщIауэ, къаIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ цIыхубэр гъащIэ узыншэм дегъэхьэхынымрэ щIалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджынымрэ.

КъБР-м и Правительствэмрэ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт зэгухьэныгъэмрэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ я зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Документым къыщыхьащ мыхьэнэ зэмылIэужьыгъуэ зиIэ зэхьэзэхуэхэр къызэгъэпэщынымрэ егъэкIуэкIынымрэ, спортым зыхуагъэсэн папщIэ зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, лъагапIэ ин дыдэ зиIэ спортымрэ цIыхубэ спортымрэ зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.



# ЗэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэнур

● КъБР-м и Правительствэм

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр къыщаIэта зэIущIэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къэрал мылъкум щыщ федеральнэ мылъкум уасэншэу хэгъэхьэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм и проектым и IуэхукIэ къэпсэлъащ КъБР-м щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн**. Проектыр ягъэхьэзыращ уэсукхъуэм зэрызыщахъумэ, электросетым епха IуэхущIапIэхэр федеральнэ мылъкум хэгъэхьэжыным теухуауэ УФ-м и Правительствэм ищIа унафэм тету.

«Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хъумэнымкIэ, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр къэгъэсэбэпынымкIэ» КъБР-м и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

- ЗэхъуэкIыныгъэхэр ехьэлIащ «ПсымкIэ диIэ беягъыр къэгъэсэбэпын» программэм текIуадэ мылъкур зэрагъэмэщIам, «КъБР-м и псэущхьэ лIэужьыгъуэ» программэ лъабжьэр зэрыIуахыжам, - жиIащ КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр **Шаваев Ильяс**.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** тепсэлъыхьащ псэупIэмрэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмрэщIат уасэмкIэ щыIэ дэIэпыкъуныгъэр зы жыпхъэм игъэувэным теухуауэ КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыра унафэм и проектым. КъБР-м и цIыхухэм псэупIэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр щаткIэ зэрадэIэпыкъунум халъхьэнущ республикэм и мылъкум щыщу сом мелуан 212-рэ.

КъБР-м и цIыхухэр псэупIэрэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэкIэ къызэгъэпэщыным и проектым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ. Ар тещIыхьащ республикэ бюджетым къыхэкIыу псэупIэ коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ дэIэпыкъуныгъэ зэратыну хабзэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм абы хухах мылъкум республикэм и ахъшэм щыщ зэрыхилъхьэнум, унагъуэ зыухуагъащIэхэм псэупIэ зэрагъэпэщын папщIэ зэрадэIэпыкъуну Iэмалхэм.

Республикэм и цIыхухэр кхъахэ хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ 2022 - 2025 гъэхэм тещIыхьа проектым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэми къытеувыIащ министрыр. Кхъахэ хъуа унэ зэтетхэм аргуэру хагъэхьащ цIыху 717-рэ зыщыпсэу унэ 41-рэ. 2022 - 2025 гъэхэм кърикубыдэу цIыхухэр къызыщIагъэIэпхъукIын хуей унэ кхъахэхэм я бжыгъэр 60 мэхъу. Абыхэм щопсэу цIыху 2540-рэ. Iуэхум текIуэдэнущ сом мелуан 601,7-рэ.

2022 гъэм «Псы къабзэ» федеральнэ проектым хухахыну мылъкум зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтащ. Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм псы бжьамийхэр зыхуей щыхуэгъэзэным лейуэ текIуэдэнущ сом мелуани 6,2-рэ, Къулъкъужын Ипщэм - сом мелуани 4,2-рэ. Ахъшэр къыхахынущ щIыналъэ мылъкум.

«КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» къэрал программэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр къигъэлъэгъуащ КъБР-м спортымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Анаев Аслъэн**. Проектым къегъэув ди спортсменхэр командировкэ зэрагъэкIуэн сом мелуани 5 бюджетым худыщIагъуну. Проектым зэрыщагъэбелджыламкIэ, мы къэрал программэм трагъэкIуэдэнущ «Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсыр хъумэнымкIэ, щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэр къэгъэсэбэпынымкIэ» КъБР-м и къэрал программэм къыдэхуа мылъкум щыщ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Улахуэ нэхъ мащIэм теухуауэ

**КъБР-м и Правительствэм бюджетым и хэхъуэмкIэ, финанс, бюджет, налог зэгъэзэхуэкIэм кIэлъыплъынымкIэ и комиссэм хэтхэр тепсэлъыхьащ республикэм и зэщIэгъэуIуа хэхъуэм. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ, комиссэм и унафэщI Къуныжь МуIэед.**

НАЛОГ, мыналог хэхъуэхэмкIэ КъБР-м и зэщIэгъэуIуа мылъкур иужьрей мазибгъум гъэзэщIа зэрыхъуар игъэнэIуащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**. Абы къыхигъэщащ налог, мыналог хэхъуэу ягъэзэщIэн хуея сом мелард 19,2-м щыщу а пIалъэм кърикубыдэу сом мелард 15 къазэрыхэхъуар. Налог хэхъуэр гъэзэщIа хъуащ сом мелард 12,7-кIэ, мыналог хэхъуэр – сом меларди 2,22-кIэ. Республикэм и налог, мыналог хэхъуэр сом мелард 1,7-кIэ нэхъыбэщ илъэс кIуам иIам нэхърэ. Министрым къызэрыхигъэщамкIэ, къэрал, муниципальнэ мылъкур къызэрагъэсэбэпым къытхуихь хэхъуэм республикэм и мылъкур игъэбэгъуащ процент 153,5-кIэ, ПДД-м и штрафым – процент 143,3-кIэ.

2022 гъэм щIышылэ мазэм щегъэжьауэ фокIадэ хъуху республикэм и налог хэхъуэ лIэужьыгъуэхэр илъэс кIуам нэхърэ нэхъыбэщ: IуэхущIапIэхэм къата налогыр сом мелуани 105,7-кIэ (къыхэхъуар сом мелуан 1460,8-рэ); цIыхухэм я налогхэр – сом мелуан 291,8-кIэ (къыхэхъуар сом мелуан 2 909,3 –рэ); акцизхэм я налогыр – сом мелуан 575,3-кIэ (къыхэхъуар сом мелуан 3 265,0-рэ), хэхъуэ зэрыIыгъым – сом мелуан 160,2-кIэ (къыхэхъуар сом мелуан 1,016,7 - рэ); мылъкум техьэ налогым сом мелуан 132,6-кIэ (къыхэхъуар сом мелуан 1,270,7 – рэ), щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэу къагъэсэбэпам техьар – сом мелуан 1,5-кIэ (къыхэхъуар сом мелуани 6,7-рэ мэхъу).

Налог, мыналог мылъкуу мы гъэм щIыналъэхэм къыщыхахащ сом мелуани 3,981,3-рэ. Ар процент 11-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэрейм нэхърэ. 2021 гъэм ебгъапщэмэ, 2022 гъэм налог хэхъуэр нэхъыбэ щыхъуащ Дзэлыкъуэ (процентi 116-кIэ), Лэскэн (проценти 113,8-кIэ), Май (проценти 117,1-кIэ), Прохладнэ (проценти 107,6-кIэ), Тэрч (проценти 115,4-кIэ), Аруан (проценти 108,9-кIэ), Шэджэм (проценти 111,7-кIэ), Шэрэдж (проценти 101, 8-кIэ) щIыналъэхэм.

Мыналог мылъкур гъэзэщIа хъунымкIэ муниципалитетхэм щыIэ щытыкIэмрэ Iэмалхэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ щIыпIэ администрацэхэм я лIыкIуэхэр.



- Бэджэндрылажьэу цIыху 618 - рэ диIэщ. КъыхэтхыкIын хуея 118-м щыщу 66-р учётым дгъэуващ. Иужьрей илъэсхэм бэджэндырылажьэхэм зэгурыIуэныгъэхэр щедухылIэм деж, къыдогъэлъагъуэ бэджэнд уасэу ятын хуей мылъкур къалэжьым и процент дапщэ хъун хуейми. ИкIи нэхъапэхэм нэхърэ ар нэхъыбэщ – хуэгъэфэщауэ, процент 47-рэ хуэдизщ. Бэджэндым и хабзэхэр гъэзэщIа зэрыхъум, исkхэм, суд Iуэхухэм теухуауи долажьэ, - жиIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ **Бей Iэуес**.

Лэскэн щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Инжыжокъуэ Сэфарбий** жиIащ щIыналъэм бэджэндым и хэхъуэр нэсу гъэзэщIа зэрыщыхъур. Бэджэндрылажьэхэм ираухылIэ зэгурыIуэныгъэхэм къыщыгъэлъэгъуащ ахэр учётым увын зэрыхуейри.

- Бэджэндым и пIалъэр зыхуэдгъэIэпхъуэхэми дяпэкIэ ахэр учётым зэрыувыпхъэри дэфтэрым къыщыдогъэлъагъуэ. КъыхэттхыкIыну дыхунэсащ щIыналъэм и бэджэндрылажьэхэм я процент 48-р. Мымэкъумэш IуэхукIэ къагъэсэбэп щIым къытекI мылъкур накъыгъэм къэдбжыжащ. Ар сом мелуани 2-м щIегъу.

Псэуалъэ тращIыхьыну ящэху щIым хэхъуэ къыдитыркъым, апхуэдэ щIым щIэупщIэ иIэкъыми, - жиIащ абы.

- Шэрэдж щIыналъэм щыIэ щытыкIэм щытепсэлъыхьым щIыпIэ администрацэм и унафэщI **Кульбаев Алан** къыхигъэщащ бэджэнд щIыхуэ зытелъхэм егъэпшыныжынымкIэ иджыпсту хэкъузауэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыр.

- ЩIы щэным теухуауэ лъэпощхьэпохэр щыIэщ. Нэгъабэ зы щIы Iыхьэ тщэныр гугъу хъуащ, ар мэзым зэрыпэгъунэгъум къыхэкIыу. Иджыпсту абы теухуауэ суд Iуэхухэм дыхэтщ, - жиIащ Алан, зыIууэ гугъуехьхэр къыхигъэщу.

**Къуныжь МуIэед** къыхигъэщащ нэгъуэщI щIыналъэхэм Iэпхъуэ хьэрычэтыщIэхэм я Iуэхуми унафэ щхьэхуэ тещIыхьын зэрыхуейр, сыту жыпIэмэ, ахэр иужь итщ а здэщыIэм налогыр щатыну. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, абыхэм налог щатын хуейр я IуэхущIапIэр здэщыIэ щIыналъэрщ, армыхъумэ езыхэр зыщыпсэу щIыпIэракъым. Апхуэдэ хьилагъэ хуэкIуэхэр къэгъэувыIэн хуейщ.

КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м и хьэрычэтыщIэхэм я зэгухьэныгъэм республикэм нэхъ мащIэ дыдэу къыщекIуэкI улахуэм и IуэхукIэ зэраухылIэ зэгурыIуэныгъэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Амщокъуэ ФатIимэт**.

- Къэралым нэхъ мащIэу игъэува улахуэм и лъабжьэ къемых лэжьапщIэ къихьын хуейщ дэтхэнэми. Апхуэдэ улахуэр Конституцэм къехъумэ, абы зыри хэIэбэжыну хуимыту. Адрей улахуэ лIэужьыгъуэхэр, псалъэм папщIэ, утезыгъэгушхуэр е социальнэ улахуэр апхуэдэу хъума хъуркъым. Абы тету, Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм къыхелъхьэ 2023 - 2025 гъэхэм хуэгъэзауэ лъэныкъуищкIэ зэдухылIэ зэгурыIуэныгъэм къарукIэ лажьэхэм (япэ разрядым хиубыдэ лэжьакIуэхэм) я улахуэр цIыхур псэуным папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуеину мылъку хуэдиткIэ гъэбэгъуам нэхърэ мынэхъ мащIэу гъэбелджылын хуейуэ. ЗэрыфщIэщи, 2018 гъэм щегъэжьауэ нэхъ мащIэ дыдэу ят улахуэмрэ цIыхур псэуным папщIэ я нэхъ мащIэу зыхуэныкъуэ ахъшэмрэ зэрагъэхь щымыIэу хъуащ, дэ къыдолъытэ МРОТ-р цIыхур псэуным папщIэ я нэхъ мащIэу зыхуэныкъуэм нэхърэ нэхъыбэн хуейуэ.

- Профсоюзхэм къагъэлъэгъуа сом мин 29-р ди зэманым апхуэдэуи куэду схужыIэнукъым, сыту жыпIэмэ, дунейр зэрыт щытыкIэр я щхьэусыгъуэу цIыхухэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ я уасэм хагъэхъуащ. Уи лэжьакIуэм МРОТ-м нэхърэ нэхъ мащIэ улахуэ хуэбгъэлъэгъуэнри ептынри къезэгъыркъым, - жиIащ Амщокъуэм.

Урысейм и федеральнэ налог къулыкъум и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Лытневэ Наталье** къэпсэлъащ КъБР-м щат улахуэхэр пэжым тетыным кIэлъыплъыным и лъэныкъуэкIэ налог IуэхущIапIэм и Iэмалхэм теухуауэ.

- IуэхущIапIэхэм ят улахуэм щIэх-щIэхыурэ дыкIэлъоплъ. Зи лэжьакIуэхэм МРОТ-м нэхърэ нэхъ мащIэ улахуэ езыту къыщIэдгъэщхэм я Iуэхур щIыналъэ администрацэхэм, Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм, КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ и министерствэм, КъБР-м и Прокуратурэм идогъэхь. Налог кIэлъыплъыныгъэ едгъэкIуэкIри, улахуэм теухуа хабзэхэр щамыгъэзащIэ IуэхущIапIэхэм апхуэдэ лэжьэкIэм и щхьэусыгъуэхэр жедгъэIащ. МРОТ-м нэхърэ нэхъ мащIэ улахуэ къэзыхьхэр лэжьапIэ зыбжанэ зэдэзыхьхэмрэ махуэ ныкъуэкIэ лажьэхэмрэщ е ахъшэ къыпэмыкIуэу я щхьэ IуэхукIэ дэсхэрщ. ЩэкIрэ щыгъынрэ къыщIэзыгъэкI, ухуэныгъэм пыщIа, мэкъумэш IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм я лэжьэкIэмрэ улахуэ зэрат щIыкIэмрэ къэтпщытащ. 2022 гъэм и япэ мазихым тепщIыхьмэ, а IуэхущIапIэхэм ят улахуэр нэхъыбэ хъуащ 2021 гъэм къекIуэкIыу щытам нэхърэ. Псалъэм папщIэ, щэкI къыщIэзыгъэкI, щыгъын зыд IуэхущIапIэхэм ику ит улахуэу щат сом мин 13, 589-рэ. Илъэс кIуам ар сом мин 12, 585-рэт.

- ЩэкIымрэ щыгъынымрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм яхэтщ мазэм и улахуэу сом мин 15 фIэкIа къэзымыгъэлъагъуэхэри, яхэтщ сом мин 40 къэзыгъэлъагъуэхэри. Ауэ, гъэщIэгъуэнракъэ, а сом мин 40 къэзыгъэлъагъуэхэм лэжьэн цIыху щахуримыкъур нэхъыбэщ, модрейхэм лэжьэн щакуэдым деж. Абы къикIращи, IуахущIапIэ псоми ипэжыпIэкIэ ят лэжьапщIэр дэфтэрым къыщагъэлъагъуэркъым. Апхуэдэхэми унафэ яхуэщIыпхъэщ. Щхьэ ахэр зэвмыгъапщэрэ? – жиIащ Къуныжь МуIэед.

Къуныжьым жиIащ хабзэм темыт IуэхущIапIэхэм икIэщIыпIэкIэ я щыуагъэхэр ягъэзэкIуэжын зэрыхуейр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Дауэдапщэр ядиIэтащ

● ЗэIущIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 щрикъум ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIа махуэщI дауэдапщэхэм хэтащ.**

КъБР-м и Iэтащхьэр полимер пкъыгъуэ зэхэлъхэмрэ иджырей технологиещIэхэмкIэ Инжиниринг центрыр зригъэлъэгъуащ, абдеж щрагъэкIуэкI лэжьыгъэми щыгъуазэ зыхуищIащ. «Лэжьыпхъэхэр-2030» стратегие программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Пётр Езанэм и цIэр зэрихьэу Бытырбыху дэт къэрал политехникэ университетымрэ зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету 2019 гъэм «Iуащхьэмахуэ» зыфIаща Инжиниринг центрыр къызэрагъэпэщауэ щытащ. Центрым пIалъэ кIэщIым къриубыдэу зэхилъхьащ «Компьютерыр зи лъабжьэ инжирингымрэ бжыгъэрылъанэ промышленностымрэ» зыфIища егъэджэныгъэ программэр. Къапщтэмэ, а программэмкIэ йоджэ КъБКъУ-ми Бытырбыху дэт къэрал политехникэ университетми я студентхэр. Программэм Iэмал къитащ «Роскосмос»-м и лэжьыгъэм къыщысэбэпын проект зыбжанэ еджапIэ нэхъыщхьитIым зэдагъэзэщIэну.

Апхуэдэу Центрыр промышленностыр зыхуэныкъуэну Iэмэпсымэхэр къыщIэгъэкIыным илъэс зыбжанэ хъуауэ йолэжь, ахэр пкъыгъуэбзу зэхэт полимерхэмрэ къатыбзу зэтелъ полимер пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ къыхащIыкI. Центрыр зэлэжь Iэмэпсымэхэр 3D IэмалхэмкIэ лажьэ техникэ псоми хэплъхьэ, ар къэгъэнауэ, ахэр зэхэбгъэхьэ, бжыгъэ куэд хъууэ къыщIэбгъэкI мэхъу. Зи гугъу тщIы полимер пкъыгъуэ лIэужьыгъуэхэр радиацэм щышынэркъэм, химие икIи биологие я лъэныкъуэкIэ я гъэпсыкIэр иджыри къэс щыIахэм еплъытмэ, я щытыкIэкIэ псым пэщIэту, пщтырым имыгъэткIуу, зыхуэныкъуэ псыIагъэм хуэдиз иIыгъыу, къызыпхив пкъыгъуэ мащIэхэр хэткIухьыжу щытщ. Полимерхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа лэжьыгъэр КъБКъУ-м 2014 гъэ лъандэрэ ирегъэкIуэкI. УФ-м ЦIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымрэ ЩIэныгъэ нэхъыщхьэмкIэ и министерствэмрэ Зыужьыныгъэ зыгъуэтыну къэхутэныгъэхэмкIэ Фондымрэ я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу щIэныгъэлIхэр зи ужь ит Iуэхугъуэхэр «2014-2020 гъэхэм щIэныгъэмрэ технологиемрэ заужьыным, унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ къэхутэныгъэхэр егъэкIуэкIыным теухуауэ» къэрал программэм къигъэув мардэхэмрэ пIалъэхэмрэ тетущ зэрылажьэр. Илъэс зыбжанэкIэ екIуэкIа къэхутэныгъэхэм кърикIуа лэжьыгъэхэр нэхъыфIхэм ящыщу къалъытащ, промышленность IэнатIэми шэщIауэ къыщагъэсэбэпу хуежьащ.

КIуэкIуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ЩIэныгъэ Зэхуэсым хэтхэми яхуэзащ. ЗэIущIэм университетым игъуэтыну зыужьыныгъэм и гугъу щащIащ, псом хуэмыдэу лъэныкъуитIри ирипIейтейуэ егъэджакIуэхэр гъэхьэзырын зэрыхуейм, абы къыхэкIыу къапэщылъхэмрэ зэфIэхыпхъэхэмрэ щытепсэлъыхьащ. Псалъэмакъ купщIафIэм гулъытэ хэха щигъуэтащ егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ зыщызыужьыпхъэ унэтIыныгъэхэм, IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщын зэрыхуейм, щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм, лъэпкъ хабзэхэм я пщIэр къэIэтыным щIыналъэ экономикэм зиужьын папщIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм мыхьэнэ яIэм епха Iуэхугъуэхэм.

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэмрэ я гуфIэгъуэ зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек университетым къэхутэныгъэхэр щезыгъэкIуэкI щIэныгъэрылажьэхэми, егъэджакIуэхэми, еджакIуэхэми махуэщIымкIэ гуапэу ехъуэхъуащ, ар езы КъБКъУ-м и мызакъуэу, зэрыщIыналъэу я махуэшхуэу зэрыщытыр къыхигъэщащ. Апхуэдэу КIуэкIуэ Казбек щхьэхуэу фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Дагъыстэным къикIа хьэщIэхэм, гуфIэгъуэр къыдаIыгъыну къазэрыхуеблэгъам пщIэшхуэ зэрыхуищIри яжриIащ.

«Къэрал университетым и зэфIэувэныр гуэх имыIэу зи къэрплыгъуэр мы махуэхэм Iэтауэ ягъэлъэпIа Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм епхащ. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 30 гъэхэм республикэ къэунэхуагъащIэм Iуэхугъуэ куэд зэфIихын хуейт, псом хуэмыдэу жылагъуэ-экономикэ псэукIэр къиIэтыну къыпэщылът. Апхуэдэ дыдэу пIалъэ кIэщIым къриубыдэу абыщIэныгъэмрэегъэджэныгъэ IэнатIэмрэ зригъэужьын хуейт. ИкIи, ипэжыпIэкIэ, япэ дыдэу къызэрагъэпэща, IэщIагъэрэ щIэныгъэрэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэм а къалэныр зыхуей хуигъэзэныр къехъулIащ. Нобэ, КъБКъУ-м къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм ущриплъэжкIэ, фэрыщIагъ хэмылъу жыпIэфынущ: абы ди щIыналъэм игъуэта зыужьыныгъэр зыкъомкIэ и фIыщIэу щытщ, ди жылагъуэр еджа, и щIэныгъэр къэIэта, IэнатIэ игъуэта хъун папщIи хузэфIэкI къигъэнакъым. Ди лъэпкъхэм я зэхэщIыкIым зригъэужьыным университетым хилъхьар къыпхуэмылъытэну инщ», – жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм университетым щылажьэ егъэджакIуэхэм я цIэри щхьэхуэу кърииIуащ, къыхаха IэнатIэм хьэлэлу зэрыхуэлажьэм, абы зэрыхуэпэжым щхьэкIэ фIыщIэ лей яхуищIащ. «Сэ хьэкъыу си фIэщ мэхъу КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ щIэныгъэрылажьэхэмрэ дяпэкIи къапэщылъ Iуэхугъуэхэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтынур, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ дихьэхын, я жэрдэмхэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, я хъуэпсапIэхэм лъэзыгъэIэсын щIэблэ къазэрыщIэхъуэнур, IэщIагъэлI нэсхэр зэрагъэхьэзырыфынур, щалъхуа лъахэмрэ щыпсэу къэралыгъуэмрэ хуэпэж псэкупсэхэр зэрагъэсэфынур», – къыхигъэщащ и къэпсэлъэныгъэм КIуэкIуэ Казбек.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**




# Жьыр къыщепщэр

**КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэ купщIафIэхэр ирегъэкIуэкI.**

КЪАПЩТЭМЭ, 2022 гъэм республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курытхэм, школхэм семинар 18 къыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм ирагъэблэгъащ дин лэжьакIуэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я IэщIагъэлIхэмрэ.

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтын зэрыхуейм теухуа нэтынхэмрэ фильмхэмрэ гъэлъэгъуэнми мыхьэнэшхуэ яIэщ. Апхуэдэ Iуэхугъуэу КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым къызэригъэпэщахэм цIыху 2100-рэ къызэщIрагъэубыдащ.

Къищынэмыщlауэ, республикэм и спорт IуэхущIапIэу 3-м IэщIагъэлIхэр щытепсэлъыхьащ мамыру псэуным нэхъыфI зэрыщымыIэм, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япылъ шынагъуэм, абыхэм япэIэщIэу зэрыщытыпхъэм. А Iуэхум хыхьэу, спортсмен ныбжьыщIэхэм хуагуэшащ «Терроризмэм дрибийщ» псалъэхэр зытратха, псы зракIэ птулъкIэхэр.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым сабий лагерхэм семинари 4 щекIуэкIащ, гъащIэр, дунейр хъумэн зэрыхуейр я лъабжьэу.

Зэрыхабзэу, фокIадэм и 1 - 3-хэм гъэ къэс ЩIалэгъуалэ центрым ирегъэкIуэкI «Терроризмэм дрибийщ» зи фIэщыгъэ флешмобыр. Мы гъэм абы хэтащ Налшык къалэм и лицей №2-м и еджакIуэхэр. Зэхуэсым кърихьэлIахэр усэхэм къеджащ, Беслъэн къалэм къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэм трахуауэ.

ЩIалэгъуалэ центрыр жыджэру йолэжь экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщIэтыным ехьэлIа роликхэмрэ баннерхэмрэ социальнэ сетхэм щызэбгрыгъэкIынми. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр кърет КъБР-м и МВД-м. Къызэрахутамкlэ, абыхэм цIыху мини 2,5-рэ мынэхъ мащIэ йоплъ.

Илъэс къэс фокIадэм республикэм щокIуэкI «Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ дрибийщ» зыфIаща Iуэхур. Абы и зы хабзэщ, цIыхухэм плIэхэр, пыIэхэр, махуэгъэпсхэр хуагуэшыныр. Хьэпшыпхэм тетщ щIалэгъуалэм Iуэху мыхъумыщIэхэм зыдрагъэхьэх зэрымыхъунур къызыхэщ гупсысэхэр.

- ЩIалэгъуалэм щIэх-щIэхыурэ допсалъэ, терроризмэм пэщIэтынымкIэ дэфтэрхэр зи лъабжьэ фильмхэм идогъэплъ, - жеIэ КъБР-м Къалэн куэд щагъэзащIэ и щIалэгъуалэ центрым и IэщIагъэлI Къарэ Ратмир. – Абы и лъэныкъуэкIэ дыдолажьэ «КъБР-Медиа» къэрал IуэхущIапIэм, псом хуэмыдэу террорым пэщIэтыным хуэгъэзауэ а IэнатIэм къыдигъэкI плIэхэмрэ пыIэхэмрэ щIалэгъуалэм яхудогуэш. Къищынэмыщlауэ, хабзэ хъуауэ, сабийхэр Беслъэн къалэм дошэ, абы къыщыхъуа гузэвэгъуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ хуэтщIу. ЩIалэгъуалэм дыщепсалъэм, семинар къыщызэдгъэпэщым деж тегъэщIапIэ нэхъ тщIыр цIыхур жьыр къыздепщэмкIэ зримыгъэхьу, езым гупсысэкIэ щхьэхуэ иIэжу, нэгъуэщIхэм я Iуэхухэм зыдримыгъэшэхыу, адэ-анэм едаIуэу псэун зэрыхуейрщ. Нэгъуэщl зы Iуэхуфlми гулъытэ худощI – ар я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъу спорт зэхьэзэхуэхэр едгъэкIуэкIыныр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 15,**
***щэбэт***

♦**Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Iэхэр тхьэщIыным и дунейпсо махуэщ**
♦**1930 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолэ.**
♦**1935 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий**.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **IутIыж Борис**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 13-14, жэщым градус 11-12 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 16,**
***тхьэмахуэ***

♦**Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**
♦**ЩIакхъуэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Анестезиологым и дунейпсо махуэщ**
♦**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я зэхуэс.
♦**1868 гъэм** къалъхуащ Къаир щыщ Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрып усакIуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Щэукъий Ахьмэд**.
♦**1917 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къардэн Бубэ**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературэдж **ТIымыжь Хьэмыщэ**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-и и Къэрал саугъэтым и лауреат **Шэджыхьэщlэ Юрэ**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 11-12, жэщым градуси 9-10 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 17,**
***блыщхьэ***

♦**Къулейсызыгъэр гъэкIуэдыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и гъуэгу лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Ерыскъыпхъэ къыщIэзыгъэкI промышленностым и махуэщ**
**1905 гъэм** Урысейм и япэ Къэрал Думэм и зэхуэс екIуэкIащ.
♦**1938 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ», «Зауэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ» медалхэр.
♦**1961 гъэм** Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ.
♦**1943 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр**.
♦**1952 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор**.

**<u>Дунейм и щытыкIэнур</u>**
«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 10-11, жэщым градуси 8-9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ЛIыхъужь и лъэужь кIуэдыркъым.**

# КЪАНЫКЪУЭ Заринэ: ЗэдзэкӀакӀуэхэм я мыхьэнэр инщ

**Ӏуэху щхьэпэ**

**Творчествэм и унэу Переделкинэ дэтым иджыблагъэ зэдзэкӀакӀуэхэм я зэхыхьэ щекӀуэкӀащ. Абы утыку къыщрахьащ Урысейм ис лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьыным, егъэфӀэкӀуэным хуэгъэпса Ӏуэхугъуэхэр. УсакӀуэ, тхакӀуэ, драматург, зэдзэкӀакӀуэ Къаныкъуэ Заринэ мы проектыр зэрырагъажьэрэ хэтщ. Абы и ӀэдакъэщӀэкӀхэр хагъэхьащ Урысейм ис лъэпкъ 60-м я анэдэлъхубзэкӀэ тха тхыгъэхэр иту къыдагъэкӀа антологие зыбжанэм. Мы гъэм Заринэ драматургиемкӀэ секцэр иригъэкӀуэкӀыну ирагъэблэгъат.**



- ЗэдзэкӀын Ӏуэхум ехьэлӀауэ Переделкинэ иджы ещанэ сокӀуэ,- жеӀэ Заринэ. - 2003 гъэм сэ сыхэтащ «Дружба народов» журнал цӀэрыӀуэм зэдзэкӀакӀуэхэм папщӀэ къызэригъэпэща семинарым. Иджыри аращ щӀытезгъэзэр. ЩӀыпӀэ гъэщӀэгъуэнщ мыр. ДэнэкӀэ уплъэми тхылъ болъагъу, хьэщӀэщым и пэш къэс, рестораным, кафем тхылъхэр щыгъунэжщ. Мы щӀыпӀэм зэпыу имыӀэу зэӀущӀэ щхьэпэхэр, семинархэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр щрагъэкӀуэкӀри, щӀалэгъуалэр куэду къокӀуалӀэ. Сигу ирохь. Иджыри къытезгъэзэнт!

## ЗэӀущӀэм теухуауэ

- Абы и гугъу щащӀащ лъэпкъыбзэхэмкӀэ тха литературэ тхыгъэхэр урысыбзэкӀэ зэдзэкӀын, утыку нэхъ инхэм ихьэн зэрыхуейм. Абы хэтахэм зрагъэгъуэта щӀэныгъэр анэдэлъхубзэкӀэ тхар урысыбзэкӀэ щызэрадзэкӀым и закъуэкъым къащыхуэсэбэпынур, атӀэ урысыбзэкӀэ тхам къэрахыу я анэдэлъхубзэкӀэ щызэрадзэкӀкӀи къащхьэпэнущ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лъэпкъыбзэхэмкӀэ еджэхэр кӀуэ пэтми нэхъ мащӀэ мэхъу. Ауэ абы къикӀыркъым тхыгъэхэр зэдзэкӀын хуэмейуэ. Урысыбзэм къэрахыу адыгэбзэкӀэ е балъкъэрыбзэкӀэ художественнэ текст ин зэрадзэкӀыну тегушхуэр зэрымащӀэм уегъэгумэщӀ.

УщымыгуфӀыкӀынкӀэ Ӏэмал зимыӀэ щапхъэхэри щыӀэщ. Псалъэм папщӀэ, «Евгений Онегин» тхыгъэр адыгэбзэкӀэ плӀэнейрэ зэрадзэкӀауэ щыӀэщ, абы щыщу тӀур иужьрей илъэситхурщ къыщыхъуар. Мэкъуауэ Амир урысыбзэкӀэ итха и повестыр ХьэцӀыкӀу Рае адыгэбзэм екӀуу къригъэзэгъащ.

## Бзэм и къарур зэлъытар

- Сэ сызэреплъымкӀэ, щӀэджыкӀакӀуэм и пащхьэ бзэр, тхыгъэр зэритхьэм куэд елъытащ. АнэдэлъхубзэкӀэ еджэхэр нэхъыбэ тщӀын мурадкӀэ, илъэс 13 ипэ ныбжьэгъу зыбжанэ си гъусэу усыгъэм и пшыхьхэр къызэдгъэпэщын щӀэддзат. Анэдэлъхубзэм зегъэужьынымкӀэ литературэ проект нэхъ инхэм ящыщщ ар. Абы хэтхэр ди щӀыналъэм и щӀыпӀэ дахэхэм адыгэбзэкӀэ усэхэм гъэхуауэ къыщоджэ. Япэм усэхэр ирагъэтхыурэ радиокӀэ къатыжу щытамэ, иджы куэду си гуапэ мэхъу ди щӀыналъэм щыпсэу тхакӀуэхэм я тхыгъэхэр радиокӀэ къызэратым. Сэ сызэреплъымкӀэ, сабий таурыхъхэри апхуэдэу утыку къихьэн хуейщ, абы анэдэлъхубзэм хуаӀэ фӀылъагъуныгъэм зэрыхигъэхъуэным шэч хэлъкъым. ЩӀэн хуейр куэд мэхъу, ауэ Ӏэмалхэр мащӀэщ.

АнэдэлъхубзэкӀэ тхыгъэхэмрэ усыгъэхэмрэ къыдагъэкӀын, ар утыку нэхъ инхэм щагъэлъэгъуэн хуейщ. ЩӀалэгъуалэм анэдэлъхубзэкӀэ утхэным хэлъ фӀагъыр къагурыӀуауэ сыщогугъ.

Дауэ щытми, хэгъэгухэм а Ӏуэхум нэхъ щолӀалӀэ. ТхакӀуэхэр зэкӀэлъокӀуэ, зэролъагъу, зыр адрейм и ӀэдакъэщӀэкӀыр зэрыпхигъэкӀынум хущӀокъу. Мис мыпхуэдэ зэхыхьэхэри абыхэмкӀэ щхьэпэщ. Ауэ лъэпкъыбзэхэмкӀэ тхылъ мащӀэщ къыдэкӀыр. Сэ сызэреплъымкӀэ, адрей щӀыналъэхэм мы Ӏуэхум гулъытэ нэхъыбэ щегъуэт.

Щхьэусыгъуэ пыухыкӀахэм къыхэкӀыу, «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэм анэдэлъхубзэкӀэ тхылъ къыдигъэкӀын щигъэтащ. Зэман кӀыхькӀэ абы учебник фӀэкӀа къыдимыгъэкӀыу щытащ, итӀанэ абы трагъэкӀуадэ мылъкур нэгъуэщӀ гуэрхэм трагуэшащ. Псалъэм папщӀэ, сэ а тхылъ тедзапӀэм си Ӏэрытхыр щӀэслъхьэри, илъэситхукӀэ сежьащ. Тхылъыр къыдагъэкӀыну ягъэхьэзырри, илъэс къэс ирагъэкӀуэтэкӀыурэ мы гъэм къэсати, Ӏэрытхыр къэсщтэжащ си ахъшэкӀэ къыдэзгъэкӀыжыну. Ауэ ар тхакӀуэм дежкӀэ хэкӀыпӀэкъым. ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт тхакӀуэхэм я ӀэдакъэщӀэкӀ «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэм къыдигъэкӀыну иджыри къигъэгугъэркъым.

## Зэхыхьэм и сэбэпыр

КъБР-м и ТхакӀуэхэм я зэгухьэныгъэм и Правленэм сыхэтщи, Республикэм ис тхакӀуэхэм сэ зэзгъэгъуэта щӀэныгъэхэмкӀэ садэгуэшэнущ. Ди республикэм щыщу а зэхыхьэм хэтащ зэдзэкӀакӀуэ ныбжьыщӀэ, радиожурналист Джыназ Заремэ. Абы къыхуэщхьэпэн куэд къыхихауэ сыщогугъ. КъыкӀэлъыкӀуэ зэхыхьэм нэгъуэщӀ зыгуэр едгъэблагъэ хъунущ.

Пэжщ, я тхыгъэхэр зэрадзэкӀыу зымыдэ тхакӀуэхэри диӀэщ. Зы лъэныкъуэкӀэ сэ ахэр къызгуроӀуэ. Ауэ сэ си тхыгъэ зэзыдзэкӀхэм фӀэгъэнапӀэ къахуэслъыхъуэркъым. Си усэхэр щызэрадзэкӀкӀэ, сэ сыхуэхьэзырщ абы и гупсысэм, купщӀэм щыщ зэрыщӀэкӀуэсыкӀынум.

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.**

# КъызыхэкӀар зыщымыгъупщэ

**АР-м, КъБР-м, КъШР-м щӀыхь зиӀэ я артисткэ, «Фабрика звёзд» проектым (2002 - 2010) хэта уэрэджыӀакӀуэ цӀэрыӀуэ Къэзан Сэтэней илъэс 20-м нэблэгъауэ урысей шоу-бизнесым и утыкум итщ. Ди хэкуэгъу адыгэ пщащэр цӀыхубэм фӀыуэ ялъэгъуа уэрэджыӀакӀуэхэм ящыщщ. Урысейм, нэгъуэщӀ щӀыпӀэхэм къыщыдэкӀ журналхэм щӀэх-щӀэхыурэ къытохуэ, телеканалхэм къат нэтынхэм куэдрэ ирагъэблагъэ, уэрэд жыӀэным и мызакъуэу, концертхэри ирегъэкӀуэкӀ. ЖыпӀэнурамэ зэпымыууэ щӀэ гуэрхэр къэзыгъэщӀхэм ящыщщ. Мы махуэхэм Сэтэней егъэлъапӀэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар.**

КЪУЛЪКЪУЖЫН Ипщэм къыщыхъуа хъыджэбзыр пасэу уэрэд жыӀэным дихьэхат. Курыт еджапӀэ нэужьым ар щӀэтӀысхьащ ГъуазджэхэмкӀэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкӀэ и колледжым. И щӀэныгъэм щыпищащ Гнесинхэ я цӀэр зезыхьэ Урысей академием, иужькӀэ ГИТИС-м.

Илъэс 20 ипэкӀэ ди республикэм икӀыу Москва кӀуа пщащэм ехъулӀэныгъэ куэд зыӀэригъэхьащ. ГъащӀэм зэрыщыхабзэу, Сэтэней и дуней тетыкӀэми гупсысэкӀэми зихъуэжащ. Къэрэшей-Шэрджэсым уэрэдымрэ къафэмкӀэ и «Ашэмэз» гупым зи щӀалэгъуэм хэта и адэ Сэтхьалий Сэтэней уэрэд жыӀэным щиӀэ зэфӀэкӀхэм гу щылъитэм, нэхъри зригъэужьыну тригъэгушхуащ. Сэтэней «Фабрика» гупым зи гъусэу хэта уэрэджыӀакӀуэхэу Тоневэ Иринэ, Савельевэ Александрэ, Алалыкинэ Марие, я продюсер Матвиенкэ Игорь сымэ щадэлэжьарщ цӀыхубэм нэхъ къыщацӀыхуар. Абы щыгъуэ мазэм къриубыдэу концерт 200-м нэблагъэ ятырт. 2010 гъэм Сэтэней и щхьэ хуэлэжьэжыну мурад ищӀащ икӀи ар къохъулӀэ.

Сэтэней ди республикэм, и адэ-анэм я деж куэдрэ къэкӀуэжыфыркъым, мазищым, илъэс ныкъуэм апхуэдэ Ӏэмал зэ игъуэтми аращ. Ди щӀыналъэм къыщыкӀуэж махуэхэр абы и дежкӀэ нэхъри щӀэлъапӀэр, и адэ Сэтхьалий и чэнджэщ щӀэдэӀуу, и анэм и гумащӀагъыр зыхищӀэу зэрабгъэдэсырщ. Шыпхъуищ - Марианнэ, Светланэ, Мадинэ - иӀэщи, зэрымылъагъумэ зэхуозэш. Ахэр къулеигъэшхуэу, мылъку нэхъ ин дыдэу къелъытэ, зэриӀэ къудейр къару хуохъу. Гуныкъуэгъуэхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ къызэринэкӀынымкӀи ахэращ и дэӀэпыкъуэгъур. Абы щхьэкӀэ, Ӏэмал имыӀэу зэгъунэгъун хуейкъым: я псалъэр, чэнджэщыр, къызэрыкъуэт къудейр куэд и уасэу къелъытэ. Адыгэ унагъуэм къыщыхъуа хъыджэбзым къыддекӀуэкӀ хабзэ дахэхэр зыщигъэгъупщэркъым. И ныбжьэгъухэр, благъэхэр илъэгъуа нэужь, псэкӀэ нэхъ къулей хъуауэ къыщыхъуу Москва, Италием егъэзэж, а псом нэхъыбэжым трагъэгушхуэ.

Иджыблагъэ Сэтэней апхуэдэу лъагъунлъагъу къыщыкӀуэжам, Къэнжал Ӏуащхьэм тету «Гуащэмахуэ» уэрэдыр жиӀэу клип трахащ. Ар зэрымыщӀэкӀэ траха хъуащ, сыту жыпӀэмэ Сэтэней къыщӀэкӀуэжар и адэ-анэр илъагъуну, и щхьэгъусэ сурэттех цӀэрыӀуэ Тиоццо Стефани (Италием щыщщ) къыщалъхуа махуэм ирихьэлӀэу я хьэгъуэлӀыгъуэр щекӀуэкӀа щӀыпӀэм, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, трагъэзэжыну арат. Абы хэту и ныбжьэгъур къэпсалъэу, Сэтэней «Гуащэмахуэ» уэрэдыр игъэзащӀэу Къэнжал Ӏуащхьэм щытрахыну зэрыхуейр къыщыжриӀэм, арэзы техъуащ.

Езы Сэтэней зэрыжиӀэмкӀэ, «Гуащэмахуэ» адыгэ цӀыхубэ уэрэдым мыхьэнэшхуэ иӀэщ икӀи илъэс куэд и пэкӀэ ар и гъащӀэм къыхыхьащ, а уэрэдыр игъэзэщӀэну чэнджэщ къезыта и адэм и фӀыгъэкӀэ. Тхыдэм къыхэна, абы лъабжьэ хуэхъуа лъагъуныгъэ хъыбар телъыджэр щызэхихым, ар хуабжьу игу щӀыхьат.

- ЩӀыналъэм и дахагъэм къыдэкӀуэу, чэщанэхэмрэ пасэрей псэуалъэ хэлъэлъэжахэмрэ клипым хагъэхьэн хуей щыхъум, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ си цӀыхугъэм селъэӀури, республикэм и лъэпкъ хъугъуэфӀыгъуэу къалъытэ бгъуэнщӀагъхэм ящыщ зым и теплъэгъуэ хэдгъэхьащ. Апхуэдэу клипыр дгъэдэхащ ди лъэпкъ фащэрэ къафэкӀэ, - жеӀэ Сэтэней.

Си щӀалэгъуэм нэхъ жыджэру сызэрыщытам куэд къысхуихьащ. Нэхъыщхьэрати, залымыгъэкӀэ зыри сагъэщӀакъым, си адэ-анэр мыарэзыуэ Ӏуэху гуэр иужь сихьакъым. КъурӀэнми нэгъуэщӀ лъэпкъхэм я тхылъ лъапӀэхэми итщ: «Уи адэ-анэр арэзымэ, ехъулӀэныгъэ узэриӀэнум шэч хэлъкъым», - жеӀэ Сэтэней. - Аращ сыт щыгъуи сызытетар. ӀуэхущӀэ сыпэрыхьа нэужь, гъащӀэщӀэ къыщӀэздзэ хуэдэщ. НэхъыбэӀуэ зэрызлэжьыным сыхущӀэкъуу щытамэ, иджы нэхъыфӀу, нэхъ купщӀафӀэу зыгуэрхэр къэзгъэщӀынырщ зи ужь ситыр. Нэхъыщхьэр бжыгъэракъым, атӀэ фӀагъырщ, купщӀэрщ.

Сэтэней Адыгэ уэрэдыжьхэм гулъытэ зэрахуищӀыр гуапэщ. Ар и нэщэнэщ дэнэ щӀыпӀэ щыӀэну, щылэжьэну къыхуихуами, цӀыхур къызыхэкӀар щымыгъупщэу, и лъэпкъ, и хабзэ ищӀэжу зэрыпсэум. 2019 гъэм Сэтэней лъэпкъ макъамэхэр зэбэкӀ Sati Ethnica проектыр игъэхьэзыращ. Абы хыхьэу 2020 - 2021 гъэхэм къыдигъэкӀащ альбомхэмрэ пластинкэхэмрэ. Ар и щыхьэтщ уэрэджыӀакӀуэм къызыхэкӀар зэрыщымыгъупщэм. Нэхъапэм артисткэр утыку зэрита фэилъхьэгъуэхэр иджы лъэпкъ щыгъынхэмкӀэ зэрихъуэжар нэрылъагъущ.

Къэзан Сэтэней фильм зыбжанэми и зэфӀэкӀ щеплъыжащ. Ар щыджэгуащ «Золушка», «Здрасьте, я ваше папо!», «Снежный ангел», «По небу босиком» фильмхэм, нэгъуэщӀхэми.

Сэтэней нэгъуэщӀ къэралхэм кӀуэну, зыщигъэпсэхуну фӀэфӀщ. Апхуэдэуи щыхьэщӀэ щӀыналъэхэм я лъэпкъ уэрэдыжьхэм, щэнхабзэм, диным зэрыдихьэхыр нэрылъагъущ. Интернетым щытлъагъу видеохэм тепщӀыхьмэ, Сэтэней нэхъыбэу здэкӀуэр лъэпкъ хабзэхэр нэхъ щахъума щӀыпӀэхэрщ. Иджыпсту щыпсэу Италиер, Балир, Индиер жыпӀэми, ахэр хуабжьу фӀэфӀщ. Псом хуэмыдэу индус щэнхабзэм, йогэм дахьэх. Къэзаным и лэжьыгъэр къызэралъытэм и щыхьэтщ «Дыщэ микрофон», «Стопудовый хит», «Илъэсым и уэрэджыӀакӀуэ», «Звуковая дорожка» саугъэтхэр, нэгъуэщӀхэри къызэрыхуагъэфэщар.



- Нэхъыщхьэр, дунейм зэгурыӀуэныгъэр, мамырыгъэр, зэкъуэтыныгъэр щытепщэнырщ. ЦӀыхухэр зэхуэӀэфӀу, зэхуэгуапэу, зыхуей хуэзэу, насыпыфӀэу псэууэ слъагъуну си хъуэпсапӀэщ. Узэджэр къокӀуэ жаӀэ, зыщӀэгупсысыжыфу, нэхъыфӀым хуэпабгъэу, гупсэхугъуэр я Ӏэпэгъуу Тхьэм куэдрэ дыщигъэӀэ! - жеӀэ Сэтэней.

**ТЕКӀУЖЬ Заретэ.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Щэнхабзэ фIыгъуэхэм я хъумакIуэ

## Котляров Виктор и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу



*Котляров Виктор Николай и къуэр жэпуэгъуэм и 17-м 1952 гъэм Налшык къыщалъхуащ. 1970-1975 гъэхэм щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ар къиуха иужь, «Советская молодежь» газетым щылэжьащ (1982 гъэ хъуху), япэщIыкIэ корреспонденту, итIанэ редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу. 1982-1988 гъэхэм – КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэщIым и къуэдзэщ, 1991-1992 гъэхэм – «Республика» газетым и редактор нэхъыщхьэщ. 1992 гъэм щыщIэдзауэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм и унафэщIу щытащ, 1999 гъэм щегъэжьауэ «Полиграфсервис и Т» (2005 гъэм «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэ» хъуащ) тхылъ тедзапIэм , урысыбзэкIэ къыдэкI «Эльбрус» журналым (1989 гъэ лъандэрэ) я редактор нэхъыщхьэщ.*

*УФ-м и Журналистхэм я союзым (1975), ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм (1998) хэтщ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, ЩIДАА-м и академикщ (2010). «Имена. Времена» зыфIища тхылъхэм папщIэ 2003 гъэм къыхуагъэфэщащ ГъуазджэхэмкIэ европей академием (Брюссель) и дамыгъэ нэхъыщхьэр, 2007 гъэм ди республикэм и ЩIыхь тхылъыр къратащ.*

### Зэщхьэгъусэхэм я тхылъ тедзапIэр

Котляров Виктор и махуэр нобэ игъэлъапIэми, абырэ и щхьэгъусэ Мариерэ я гугъу щхьэхуэщхьэхуэу пщIыну къезгъэзэгъыркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а тIум зы лэжьыгъэ зэдащIэ къудейкъым, гъащIэм ехьэлIауэ жыпIэми, зым Iэпыхур адрейм къиштэжущ зэрыпсэухэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрми нэгъуэщI щIыналъэхэми Викторрэ Мариерэ къыщацIыху ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, этнологием, цIыху цIэрыIуэхэм ятеухуа я IэдакъэщIэкIхэмкIэ. Тхылъ тхыным, къыдэгъэкIыным ахэр илъэс 30 хъуауэ толажьэ. Я япэ тхылъхэр 1992 гъэм и накъыгъэ мазэм, 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинатым хыхьэ «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIауэ щытащ. Илъэсиблым къриубыдэу тхылъ 300-м щIигъу ящIат, абыхэм ящыщу «Кавказ литературэ-тхыдэ Олимп» (КЛИО) серием хыхьэхэр 30-м щIегъу.

1999 гъэм Мариерэ Викторрэ къызэIуахащ езым я тхылъ тедзапIэ, «Полиграфсервис и Т» зыфIащар, абы дэщIыгъуу «Эльбрус» журналыр урысыбзэкIэ къыдагъэкIыу щIадзащ. Тхыгъэхэр къэщыпыным щегъэжьауэ тхылъыр гъэщIэрэщIэным деж щыщIэкIыжу лэжьыгъэ псори зыгъэзащIэр цIыхуитху къудейщ. Абыхэм яхузэфIэкIащ тхыгъэ купщIафIэхэр зэрыт, дахэ дыдэу гъэщIэрэщIа тхылъу 700-м щIигъу илъэсипщIым къриубыдэу къыдагъэкIын. 2006 гъэм къыщыщIэдзауэ IуэхущIапIэм зэреджэр «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэщ».

Лэжьыгъэ 50-м щIигъу зэдатхащ Котляров зэщхьэгъусэхэм. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщIэ, усакIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, Мечиев Кязим, щIэныгъэлI Лъостэн Владимир, сурэтыщI КIыщ Мухьэдин, нэгъуэщIхэми ятеухуа тхылъхэр, «Родной ландшафт» серием хыхьэ буклет 11-р, «Кабардино-Балкария: природная жемчужина» серием щыщ сурэт альбомхэр, нэгъуэщI куэди.

Абыхэм я зэфIэкIым, я лэжьыгъэм пэджэж тхыгъэхэр мымащIэу щыIэщ, зэщхьэгъусэхэм щэнхабзэм хуащIа хэлъхьэныгъэм куэдым гу лъатащ. Апхуэдэ тхыгъэхэм кIэщIу къыхэтхащ мы къыкIэлъыкIуэнухэр, зи махуэр зыгъэлъапIэ нэхъыжьыфIым зэман зэхуэмыдэхэм къыхужаIахэр иджыри зэ зэхихмэ и гуапэ хъуну дыщыгугъыу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Котляров Виктор и гугъу зыщIахэм яхэтщ дунейм ехыжахэр, ауэ псалъэ гуапэхэм, шэрыуэхэм я мыхьэнэр зэманым дэужьыхакъым.

**КЪАНОКЪУЭ Арсен**, *УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор:* - Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэм, щIыналъэм, этнографием теухуауэ Котляров зэщхьэгъусэхэм къыдагъэкI литературэм псалъэ гуапэ куэд хуэфащэщ. Абыхэм я IэдакъэщIэкI тхылъу щэ бжыгъэхэр дунейм къытехьащи, дэтхэнэ зыми адыгэхэм, балъкъэрхэм, ингушхэм, осетинхэм, шэшэнхэм я дуней тетыкIэм дыщагъэгъуазэ икIи къыдгурагъаIуэ лъэпкъ цIыкIу зэрыщымыIэр. Лъэпкъхэм я макъ зэхэтхын, зыр зым къызэрыщхьэщыкIыр тлъагъун, я щэнхабзэм пщIэ хуэтщIын хуейуэ аркъудейщ.

Котляровхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху пажэхэщ: мыбы къыщалъхуащ, къыщыхъуащ, республикэмрэ абы и цIыхухэмрэ фIыуэ ялъагъуу мэлажьэ. ПщIэ хуэщIыпхъэщ лъэпкъхэм я цIыху пэрытхэм гъэхуауэ, гулъытэшхуэ хуащIу зэрытетхыхьым. Апхуэдэ щытыкIэращ тэмэмри, сыту жыпIэмэ зэгурыIуэныгъэ зэрымылъ Урысейр къэрал лъэщ икIи зэкъуэт хъункIэ Iэмал иIэкъым. Аращ Мариерэ Викторрэ я IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэр ди щэнхабзэм и фIыпIэхэм ящыщ щIэхъуар.

**ДЭХЪУШОКЪУЭ Мусэ**, *жылагъуэ лэжьакIуэ:* - Журналистикэм, литературэм, тхылъ къыдэгъэкIыным ехьэлIауэ абыхэм яхузэфIэкIар республикэм щыпсэухэм ди напщIэм телъыпхъэу къызолъытэ. IэдакъэщIэкIхэм щхьэхуэу я гугъу сщIынкъым - абыхэм тепсэлъыхьыфын щIэныгъэлIхэри ди мащIэкъым.

Виктор! Марие! Фи гум фIы илъу фызэлэжь тхылъхэр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэтыным, республикэм зэгурыIуэ илъыным и лъабжьэу си щхьэкIэ къысщохъу. Аращ дэтхэнэ зыри зыхущIэкъун хуейр, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу ар иджыпсту нэхъ дызыгъэпIейтей, зыхэтщIэ хъуащ.

Зыр зым кIэлъыкIуэу дунейм къытехьэ фи тхылъхэм къагъэлъагъуэ фызэрылэжьакIуэшхуэр, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми фи псэм щыщ Iыхьэ зэрыхэфлъхьэр. Мис а Iуэху бгъэдыхьэкIэм фыкъытемыкIыу иджыри куэдрэ фылэжьэну си гуапэщ.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**, *тхакIуэ:* - Котляровхэ Мариерэ Викторрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, нэгъуэщI щIыналъэ куэдми къыщацIыху, я зэфIэкIыр къыщащIэ. Лъэпкъым и цIыху пажэхэм абыхэм хуэдэу купщIафIэу, гъэхуауэ тетхыхь къэгъуэтыгъуейщ. «Адыги: сердца и судьбы», «Я тот, кто будет...», «Ты создал мир. И он велик», «Ладони протяни к огню души моей...» тхылъхэр Гъуазджэхэмкlэ европей академием и дунейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри дыщэ медалри къыхуагъэфэщащ. Лъэпкъ цIыкIухэм я псэкупсэ беягъхэр утыку къызэрырахьам, абыхэм къахэкIа цIыху пажэхэр гъэлъэпIэным хуэгъэза Iуэху зэращIам къыхэкIащ апхуэдэ гулъытэр.

**ЭФЕНДИЕВ Сэлихь**, *философие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* - Котляров зэщхьэгъусэхэм я тхылъ къэпщтамэ, пхуэмыгъэтIылъыжу щIыбоджыкI, напэкIуэцIхэм къытебгъэзэжурэ уроплъэ, тхыгъэхэр зытеухуахэр нэIуасэ дыдэ пхуохъу. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщ зыщ Мечиев Кязим теухуар. А цIыху къызэрымыкIуэм и дуней тетыкIамрэ и хьэл-щэн нэсымрэ абыхэм наIуэу дагъэлъагъуфащ. Ар Викторрэ Мариерэ къащIехъулIар лэжьыгъэм гумызагъэу зэрыбгъэдэтырщ.

**ГЪУТ Iэдэм**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* - Куэд щIауэ пцIыху лIыхъужьхэр апхуэдизкIэ пэжагъ ин хэлъу, кууэ къагъэлъагъуэри, абыхэм я дуней тетыкIэмрэ я Iуэху зехьэкIэмрэ умыщIэ гуэрхэр хэлъу къыщIокIри богъэщIагъуэ, ахэр нэсу къызгурыIуащэрэт жыуагъэIэ. Апхуэдэущ ЩоджэнцIыкIу Алий, Мечиев Кязим, Лъостэн Владимир сымэ, нэгъуэщIхэми ахэр зэрытетхыхьар.

Си дежкIэ гуапэщ, ди республикэм къыщалъхуами, нэгъуэщI лъэпкъым къыхэкIа Котляровхэ Мариерэ Викторрэ си хэкуэгъу цIыху цIэрыIуэхэр зэраIэтыр, дуней псом къыщрагъэцIыхуну яужь зэритыр. «Ты создал мир. И он велик», «Я тот, кто будет...», «Ладони протяни к душе моей...», «Адыги: сердца и судьбы» тхылъхэр ахэр зытратхыхьа цIыхухэм, адыгэхэм папщIэ куэд зыщIахэм, ди тхыдэм зи лъагъуэ щыпхызышахэм яхуэфащэщ.

**СМИРНОВЭ Наталье**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* - Щэнхабзэр нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм, и щытыкIэ телъыджэхэр зыубзыхуахэм пэщхьэхуэу. Апхуэдэ дыдэуи къалэн ин ягъэзащIэ нэгъуэщIхэм къагъэщIар хъумэныр зи пщэрылъу къэзылъытэхэм. Котляровхэ Викторрэ Мариерэ - ар щэнхабзэ фIыгъуэхэм я хъумакIуэ емызэшыжщ. Пэжыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ, щIэныгъэм, гъуазджэм, щэнхабзэм хуэлажьэхэмрэ абыхэм я IэдакъэщIэкIхэмрэ хъумэныр, а псом хуэсакъыныр абыхэм я гъащIэ Iуэху хъуащ. Абы хузэфIокI «мыбдеж, иджыпсту» щыпсэун, апхуэдэуи илъэсипщI бжыгъэкIэ, уеблэмэ лIэщIыгъуэкIэ зэIэбэкIыжу абы щыгъуэ щыIа гъащIэм «къыдэгъуэгурыкIуэфын». Гупсысэ лъагэхэмрэ къызэрыгуэкI Iуэхухэмрэ телъыджэу щызэщIожьыуэ абыхэм я дунейм. Тхылъхэм зи гугъу щащI Iуэхухэр ящымыгъупщэу ящIэнырщ, иринэщхъеинырщ, иригушхуэнырщ я къыхуеджэныгъэ нэхъыщхьэр. Зэщхьэгъусэхэм зэдатха тхылъхэр мыхъумыщIагъэм гущыкI хуозыгъэщIщ, лъагъуныгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ укъыхуезыджэщ.

**БИТТИРОВЭ Тамарэ**, *филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор:* - Сыт лъэпкъхэр зэгъунэгъу зыщIыр, абыхэм я кум пщIэ, къуэш зэхущытыкIэ дэлъыным и лъабжьэр? Псом нэхърэ нэхъыщхьэр, сэ къызэрысщыхъумкIэ, зым и щэнхабзэм адрейр щыгъуэзэнырщ. Щэнхабзэм и бзэращ зэгурыIуэныгъэм ухуэзышэр. Аращ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ зытелажьэр. Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэм я IэдакъэщIэкIхэм ди щэнхабзэр къагъэбеящ.

Котляров зэщхьэгъусэхэр си нэIуасэщ зэрыстудент лъандэрэ. Марие къыщысцIыхуам щегъэжьауэ цIыху пэжщ, цIыху къабзэщ, Виктор усыгъэр фIыуэ илъагъуу, гъащIэм и мыхьэнэр къилъыхъуэу щытащ. Илъэсхэр кIуэурэ, ахэр литературэм хуэIэижь цIыху хъуахэщ, тхылъ куэди дунейм къытрагъэхьащ. Гуапэщ я щIалэгъуэм яхэлъа хьэл-щэн дахэр нобэми абыхэм къазэрыдэгъуэгурыкIуэр.

Мариерэ Викторрэ - тхыдэджымрэ литераторымрэ - зым и зэфIэкIым адрейм дыщIигъужу апхуэдэщ. Я щIэныгъэр, щыпсэу щIыналъэм хуаIэ лъагъуныгъэр абыхэм сэбэп къахуохъу гъащIэшхуэ къызыпэщылъ тхылъхэр ятхынымкIэ.

**КУЗЬМИН Валентин**, *тхакIуэ:* - Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я IуэхущIапIэм къыщыдэкI тхылъхэр пIыгъыну гухэхъуэщ, щIэбджыкIыну гугъэзагъэщ, зыхуей хуэзэу зэрытрадзам уи гукъыдэжыр къеIэт. Ахэр адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я щIэныгъэм, щэнхабзэм, гъуазджэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыхухэм зэрытеухуам егъэлеяуэ ущогуфIыкI. Тхыдэджхэмрэ этнографхэмрэ, ди хэкуэгъухэм я щхьэм кърикIуар къызыфIэIуэху дэтхэнэми я дежкIэ ахэр хъугъуэфIыгъуэ инщ.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса, тхыдэм, литературэм, бзэщIэныгъэм, экономикэм, медицинэм теухуа монографиехэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я гукъэкIыжхэр зэрыт, роман, повесть, усыгъэ тхылъу щэ бжыгъэхэр къыщыдэкIащ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм. Ярэби, псори мы зэрыжаIэм хуэдэ дыдэу фIыуэ пIэрэ? - жызыIэни щIэджыкIакIуэхэм къахэкIынщ. Пэжщ, някъусаныгъэ гуэрхэри щыIэщ, ауэ ахэр мащIэ дыдэщ икIи нобэ жытIэну и зэманкъым. ПцIы зыхэмылъыр зыщ: Котляров зэщхьэгъусэхэр хьэрычэтыщIэу жыпIэ хъунуми, къыщыпкIыу къулейкъым, машинэ лъапIэхэм искъым, унэшхуэ яIэу щыпсэукъым, банкхэм ахъшэ хъушэ щахъумэуи си фIэщ хъуркъым. Я ныбжьэгъу пэжыр цIыхум и хъугъуэфIыгъуэ нэхъ ин дыдэ тхылъращи, абы Мариерэ Викторрэ хуолажьэ хьэлэлу.

*Зыгъэхьэзырар*
**СОМГЪУР Синэмисщ**.





**Езий Мухьэмэд 1950 гъэм Къэхъун къыщалъхуащ. Ар илъэс куэдкІэ я къуажэ администрацэм и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу лэжьащ. Жылэм пщІэ щызиІэ нэхъыжьыфІым гъащІэ и нэгу щІэкІащ, аращ тхэным тезыгъэгушхуари.**

**Мухьэмэд къалэмыр къызэрищтэрэ куэд мыщІами, гъащІэм щыщ теплъэгъуэхэр удихьэхыу итхыжын хузэфІокІ.**

**Езийр «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэм (илъэс 50-м щІигъуауэ газетым Іэ тредзэ), тхыгъэ къытехуэхэм къапэджэжхэм ящыщщ. Иджы дэри ди гуапэу и Іуэтэж цІыкІур тыдодзэ.**



ЕЗИЙ Мухьэмэд

*Іуэтэж*

# Залинэ

ЩІымахуэ кІыхьыр икІри, псэ зыІут псори зыщІэхъуэпс гъатхэр къэсащи, хуабэмкІэ загъэнщІыжыркъым. ДэнэкІэ уплъэми щхъуантІагъэщ, жыг зэрытІэпІыкІахэр къуалэбзу зэхуэсыпІэщи, я макъ жьгъырумкІэ пщэдджыжьыпэм гукъыдэжыр къаІэт.

Апхуэдэ гъатхэ пщэдджыжьым Залинэ (10-нэ классым щІэсщ) жьыуэ къэтэджри, унэм къыщІэкІащ. ПщэфІапІэм Іэуэлъауэу щІэт и анэм сэлам ирихри, бомкІэ иунэтІащ жэмыр къишыну. Тхъурымбэр зыщхьэщыз шэ пэгуныр и анэм иритщ, езым зигъэхьэзырри, колхоз жыг хадэм кІуэну ежьащ. И адэм пхъэбгъу пІащІэм къыхищІыкІыу хуищІа къуалэбзу унэ цІыкІур къищтэри, еджапІэмкІэ иунэтІащ. Школым деж щызэхуэсри, зэклассэгъухэм уэрэдыр ину кърашу, колхоз жыг хадэмкІэ яунэтІащ.

Абы нэса иужькІэщ Залинэ къуалэбзу унэ цІыкІур жыгым зэрыригъэубыдын кІапсэ къызэримыщтар игу къыщыкІыжар. Іэхэлъахэр къызэпиплъыхьу здэщытым, езым нэхърэ нэхъ щхьэпэлъагэу зы щІалэ цІыкІу гу къылъитэри къыбгъэдыхьащ. «Хъыджэбз дахэ, мы жыгым апхуэдизу щхьэ ухудэплъейрэ? ПфІэкІуэдаІа?»

Хъыджэбзым и Іуэху зытетыр щыжриІэм, щІалэр пІащІэу ІукІри, куэд дэмыкІыу кІапсэ ІэмыщІэ иІыгъыу къигъэзэжащ. Асыхьэту жыгым дэпщейри, пхъэ унэ цІыкІур ирипхащ.

- Иджы дызэрыцІыху хъуну къысщохъу. Си цІэр Беслъэнщ, къуажэ ищхъэрэм дэт етІуанэ школым и 10-нэ классым сыщоджэ. Дэри фи гъунэгъуу дыщолажьэ. Уэ хэт ухъуну? - жиІэри Беслъэн и щхьэр Залинэ дежкІэ къищІащ.

Апхуэдэу ныбжьыщІитІыр зэрыцІыхуащ. Беслъэн и гъусэхэм деж игъэзэжын хуейти, Залинэ дяпэкІэ имыгъэгъуэщэну псалъэ иритри, ІукІыжащ.

Абы лъандэрэ тхьэмахуэ хуэдиз дэкІауэ, Залинэ и унэ лэжьыгъэхэр ищІыжу здэщысым, я гъунэгъу, и ныбжьэгъу Мадинэ къыщІыхьэри къуажэ клубым киноущІэ къашам и гъусэу кІуэну къелъэІуащ.

Клубым зэрынэсу билет къащэхури, залым щІыхьащ. Кином еплъу здэщысым, Залинэ гу лъитащ и бгъумкІэ зыгуэр къызэрытІысам.

«Дауэ ущыт, Залинэ?», - хъыджэбзым занщІэу къицІыхужащ жыг хадэм цІыхугъэ къыщыхуэхъуа Беслъэн. Залинэ дэп жьэражьэу плъыжь къэхъури, сэлам ирихыжащ. Хъыджэбзым а пщыхьэщхьэм къыгурыІуащ щІалэм гухэлъ зэрыхуищІар. Беслъэни игъэпщкІуртэкъым Залинэ и гум зэрыдыхьар.

Кинор и кІэм нэсауэ щызэбгрыкІыжым, Беслъэн щэхуу Залинэ и жыпым тхылъымпІэ кІапэ ирилъхьащ. Залинэ унэм зэрынэсыжу шхэни имыдэу, и пэшым щІыхьэжри, тхылъымпІэр къызэгуихащ. Абы итт щІалэм къыхуищІа гухэлъым теухуа псалъэ ІэфІхэр.

Зы тхьэмахуэ хуэдиз дигъэкІри, жэуапыр иритыжащ, Беслъэн къыхуитхахэмкІэ зэрыарэзыр иту.

Арати, а тІум щІэх-щІэхыурэ зэхуэзэн щІадзащ. Пэжым ухуеймэ, абыхэм я зэхущытыкІэ дахэм я еджэгъухэм щыщ куэд къехъуапсэрт.

Экзамен тыгъуэр къыщысым, Беслъэнрэ Залинэрэ я зэхуэзэр нэхъ кІащхъэ хъуащ. Залинэ школ нэужьым Налшык дэт медицинэ училищэм щІэтІысхьэну и мурадт. Беслъэни еджэну ехъуапсэрт, ауэ и анэм и закъуэ къигъэнэну дзыхь ищІыртэкъыми, ДОСААФ-м и еджапІэ Нарткъалэ дэтым щІэтІысхьэну триубыдащ, военкоматым иригъэджэнут.

Залинэ и экзаменхэр хъарзынэу итри, щІэтІысхьащ. ПцІыр сыткІэ щхьэпэ, зэпэжыжьэ зэрыхъуар тІуми къатехьэлъэрт. Ауэ Залинэ къэкІуэжа нэужь зэхуэзэрт, я еджапІэм, я гъащІэ къэкІуэнум тепсэлъыхьырт, я мурадхэмкІэ зэдэгуашэрт.

Апхуэдэурэ, Беслъэн шофёру зэрылажьэ хъунумкІэ щыхьэт тхылъыр къызэрыІэрыхьэу, я колхозым хыхьащ. Колхоз тхьэмадэр Беслъэн и адэм и ныбжьэгъуу щытати, хьэлъэзешэ машинэ иримыгъэтІысхьэу, езым и служебнэ машинэм дигъэтІысхьащ. Беслъэн и анэ ФатІимэти хуабжьу щыгуфІыкІащ а Іуэхум.

ЩІалэм и япэ улахуэм къыхэкІыу и анэм бостеяпхъэ, Залинэ ІэлъэщІ дахэ къахуищэхури игъэгуфІат.

Гъатхэр къихьа къудейуэ, Беслъэн повесткэ къыІэрохьэ, Нарткъалэ дэт военкоматым екІуэлІэн хуейуэ иту. И анэр, дауи, къэгузэващ: - «Дауэ си къуэ закъуэр дзэм згъэкІуэну?» - жиІэри. (А зэманым зи бын армэм дэкІхэр щІэгузэвэн щыІэт, ди сэлэтхэр Афганистаным яшэрти).

Повесткэм ит зэманым ирихьэлІэу военкоматым екІуалІэри военкомым деж щІыхьащ.

Ар заулрэ щыму Беслъэн и тхылъымпІэхэм хэплъэри, къеущиящ.

- Дохутырхэм ятхам армэм ущІыдэмыкІын щхьэусыгъуэ иткъым. Уи узыншагъэр тэмэмщ, ауэ уи анэм и закъуэщ, шыпхъуи къуэши уиІэкъым. Уэ льготэ жыхуаІэм хуэдэ уиІэщ. Абы ехьэлІа унафэм тепщІыхьмэ, уэ илъэс 27-рэ ухъуху, щхьэгъусэ къыумышэмэ, къулыкъу пщІэну удашынукъым, ауэ къызэрыпшэу удашынущи, ар пщІэну сыхуейщ. Сэ жысІэм уедаІуэмэ, армэм иджыпсту узгъэкІуэнут. СызэрыщыгъуазэмкІэ, псори щІэшынэ лъэныкъуэмкІэ уашэнукъым, атІэ уздагъэкІуэнур дзэ ухуакІуэ батальонращ.

Пщэдей сыхьэти 10-м укъэсу къакІуи, хъыбар сыгъэщІэж. Нобэ мэремщ, блыщхьэм армэм фызэрыкІуэнум хуэдэу военкоматым укъекІуэлІэн хуейщ, удэкІыну уи мурадмэ.

Беслъэн военкомым фІыщІэ хуищІщ, сэлам ирихыжри, автовокзалымкІэ иунэтІащ. Ар я къуажэ автобусым имытІысхьэу, Налшык кІуэ автобусым итІысхьэри къалэм дэкІуеящ, Залинэ зыхуигъэзэн мурад иІэу.

Залинэ еджапІэм къыщІэкІыжауэ къыздрикІуэм, еджапІэ дыхьэпІэм деж щыт Беслъэн къилъэгъуащ. Хъыджэбзым ар и гуапэ хъунтэкъэ!

ЩІалэм и Іуэху зытетыр къанэ щымыІэу Залинэ хуиІуэтащ. И насыпым къыкІэрыпІаскІуэу къызыщыхъу хъыджэбзым и гур къызэфІэзэрыхьат.

- Беслъэн, шэми шхуми сес, пэжым ухуеймэ, мыр зыкІи дызыхуэмей Іуэхут, ауэ пэжыр бжесІэнщи, а военкомым уэ къыбжиІахэр тэмэму къызобж. ИлъэситІщ армэм узэрыщыІэнур, сэри Тхьэм жиІэм, апщІондэху еджапІэр къэзухынущ. АдэкІэ Тхьэм жыхуиІа дыхъунщ.

- Военкомым къызжиІари уэ жыпІэри пэжщ, ауэ аракъым нэхъыщхьэр. А илъэситІым уэ укъызэжьэну? Дегъэуи, иджыпсту ди нэчыхьыр едгъэгъэтх, сэри си гур зэгъауэ сыдэкІынт армэм.

- Беслъэн, япэрауэ, ЗАГС-м заявленэр щІэплъхьа иужь, мазэкІэ уежьэн хуейщ, етІуанэрауэ, сэ псалъэ быдэ узот уэ фІэкІа зыри гъусэ сымыщІыну.

А псалъэхэр щызэхихым, Беслъэн и гур къызэрыгъуэтыжащ.

Беслъэн я деж кІуэжын ипэ, и анэ дэлъхум деж кІуэри, хъыбар иригъэщІащ. Жамбот щІалэр машинэм къригъэтІысхьэри, къишэжащ, и шыпхъум езыр епсалъэмэ нэхъ къищтэу.

ФатІимэт, дауи, а Іуэхум щыгуфІыкІакъым, ауэ Жамбот мы Іуэхум фІыуэ хилъагъуэр жриІэурэ, бзылъхугъэ гужьеям игу фІы хуищІащ, езыр и шыпхъум щІэх-щІэхыурэ къылъыгъуэзэнуи къигъэгугъащ.

ЩІалэм и ныбжьэгъу лэжьэгъухэм еджауэ хуащІ кІэлъыгъэхуабэ пшыхьым Залинэ иригъэблэгъати, идакъым, ауэ щежьэкІэ военкоматым деж Іухьэну къигъэгугъащ.

Военкомат бжэІупэм цІыхур Іуву щызэхэтт, Залинэ и цІыхугъэ къилъыхъуэу здэщытым, и ныбжьэгъу Мадинэ къыбгъэдыхьэри псори здэщытымкІэ ишэну жиІати, Залинэ идакъым, къызэрыІухьар Беслъэн хуиІуэхуну елъэІуащ армыхъумэ.

- ПсынщІэ дыдэу зэманыр блэкІынурэ сыкъэкІуэжынущ Залинэ, зыкІи уигу умыгъэныкъуэ, си гум узэрилъыр бощІэ, уэри сыкъызэрыбгъэгугъар зыщумыгъэгъупщэ, - жеІэ Беслъэн.

Арати, щІалэр гъуэгу техьащ. Беслъэн автобусым ису игу къэкІыжащ, и жыпым илъ бэлътокур. Кърихмэ, хъыджэбзым и дыхумэр къыкІэрихырт. Бэлътокур зэкІуэцІихмэ, письмо цІыкІу кІуэцІылът.

«Беслъэн, гъуэгу махуэ утеувауэ Тхьэм къыщІигъэкІ, узыншэу укъытхуэкІуэжыну солъаІуэ, сэри укъызэрызгъэгугъам хуэдэу сыножьэнущ».

Къызэрагъэгугъауэ, ар ухуакІуэ батальоным ягъакІуэри, хьэлъэзешэ машинэм дагъэтІысхьащ.

Беслъэнрэ Залинэрэ щІэх-щІэхыурэ зэхуотхэ, Беслъэн и къулыкъур хъарзынэу ирехьэкІ, илъэс докІри, Беслъэн сержант нэхъыщІэ мэхъу, зыхэтым хъарзынэу яхэзэгъа хуэдэщ. Залини еджапІэр къеухри, я къуажэм дэт амбулаторэм щылэжьэн щІедзэ, къуажэдэсхэми и цІэр фІыкІэ къраІуэ зэпытщ.

Апхуэдэурэ илъэситІыр дэкІри, Беслъэн къигъэзэжащ.

Ар къыщысыжынур зыми яжриІатэкъым, игъэгуфІэн мурад иІэу. Пшапэ зэхэуэгъуэу къэсыжати, Залинэхэ я уэрамымкІэ дыхьэри я гъунэгъу щІалэ цІыкІум къыдригъэшащ. ЩІалэ цІыкІур къыдэмыкІыж щІыкІэ, Залинэ къыдэжат.

- Хъыбар щхьэ сумыгъэщІарэт? - жи Залинэ, нэгъуэщІ жиІэн къыхуэмыгъуэту.

- Мис мыпхуэдэу узгъэгуфІэн щхьэкІэ, - жеІэ щІалэми. Зэпсэгъухэр зэщыгуфІыкІыу сыхьэт ныкъуэ хуэдизкІэ зэбгъэдэтри, Беслъэн и анэри игъэгуфІэну ежьэжащ.

Зы тхьэмахуэ хуэдизкІэ зигъэпсэхужа иужь, колхоз тхьэмадэм деж кІуащ, лэжьапІэ ІуэхукІэ епсэлъэну. ЩІалэр машинэ хьэлъэ дигъэтІысхьэмэ, нэхъ псэуа хъуну колхоз тхьэмадэм къилъытэри, машинэ кърита щ.

Беслъэн узыншэу къызэрыкІуэжам и тхьэлъэІумрэ и къашэ Іуэхумрэ зы ящІмэ и анэм зэрыфІэкъабылымкІэ хъыбар къыщригъащІэм, а пщыхьэщхьэ дыдэм Залинэ зыхуигъазэри епсэлъащ.

Тхьэм щхьэкІэ, лъэпкъитІри хъарзынэу зэгурыІуэри хьэгъуэлІыгъуэр екІуу дахащ.

Іуэхур зэфІэкІри ФатІимэт и гур псэхужащ. Пщэдджыжь къэс Беслъэнрэ Залинэрэ зэгъусэу лэжьапІэ докІ. «Уи фэм дэкІари ирикъунщ, иджы зыгъэпсэхуж, ди анэ», - жаІэри ФатІимэт лэжьапІэм къыІуагъэкІыжауэ мэпэщащэри пщІантІэм дэсщ.

Апхуэдэурэ, унагъуэм зыкъаужьащ. Зэщхьэгъусэхэр зэдэлажьэурэ лъапсэм унэшхуэ иращІыхьащ. Илъэс зэкІэлъыкІуэм щІалэ дыгъитІ ягъуэтащи, я насыпым зыщамыгъэнщІу зыхагъэпскІыхь. ФатІимэт зы щІалэ иІамэ, иджы щІалищу хуэбэгъуащи, и гуфІэгъуэм щІэ щІэткъым. ЦІыкІуитІым яхуищІэр фІэмащІэу махуэхэр егъакІуэ. «Быным нэхърэ, быным и быныжыр нэхъ ІэфІщ», щІыжаІэр игъэунэхуащ нанэ Іумахуэм.

Зэманыр макІуэ, иджы Дамир (щІалэ нэхъыжьыр) езанэ классым щоджэ, Замир сабий садым щІэсщ.

Беслъэнрэ Залинэрэ насыпыфІэ дыдэу зыкъалъытэжу зэхуэгумащІэу зэдэпсэурт, ауэ... Ауэ, узэрыхуейм хуэдэу мы гъащІэр хъурэ-тІэ?

Пщэдджыжь гуэрым ахэр лэжьакІуэ дигъэкІауэ, ФатІимэт зэрихьэлу, унэм щыпэщащэми, тепыІэгъуэ къримыту гузавэ и гум итІысхьауэ сыт къищтэми Іэпыхужырт.

Абы хэту я пщІантІэм машинэ гуэр къыдохьэ. ФатІимэт зэуэ къэдзыхащ.

- Сыт къэхъуар? Сыт мыр зыІисыр? Жэуап гуэр къызэфт зыгуэрым, сыт къэхъуар? - ФатІимэт машинэм щыбгъэдэлъадэм, бжэр Іуахри, зимыщІэжу илъ и щІалэр къилъэгъуащ. Анэ тхьэмыщкІэр къызэфІэмэхащ. Дохутырым нэхъ пасэу хъыбар ирагъэщІати, мыгувэу къэсахэщ, Залини абыхэм ядэщІыгъуу къэкІуэжати, и щхьэгъусэр зэрилъагъуу, и фэр пыхури етІысэхауэ магъ, мабжэ.

Дохутырхэм я къару илъ къамыгъанэу Беслъэн хуащІащ, ауэ ахэр зыпэлъэщыр узращ, атІэ ажалракъым...

И лэжьэгъухэм зэрыжаІэжамкІэ, Беслъэн а махуэм зэрылэжьэну путёвкэр къыІрихыну щІыхьауэ, къызэІыхьэри, щхьэщІыбкІэ ишэу къытехуат. Ажалым щІагъэ жьыгъэ иІэкъым жыхуаІэр ара щ...

Абы лъандэрэ зэманыфІ дэкІыжащ. Гуауэм цІыхур иукІыркъым, еужьыгу армыхъу. Залинэ и щІалитІыр хуэмурэ къигъэтэджащ, и гуащэмрэ и адэанэмрэ къыдэІэпыкъурэ. Куэдым ягъэщІагъуэу быныр къыщалъхуа пщІантІэм щипІыжащ, цІыху зыхуимыгъэпсалъэу.

Урыхупс и кІуапІэр имыхъуэжауэ ноби нэмрэ пэмрэ ихьу йожэх. Псы дапщэ ежэха абы лъандэрэ?!.

* * *

Залинэ и гуфІэгъуэщ - и къуэ нэхъыжь Дамир и хьэгъуэлІыгъуэщ. Абы и щІыбагъ къыдэту и гуфІэгъуэр къыдаІыгъщ и адэанэмрэ и гуащэмрэ, гуащэдэлъху Жамботи къахуэгумащІэ зэпытщ.

- И адэшхуэми, и адэми къамыгъэщІа гъащІэ Тхьэм щІалитІым къахупищэ, - мэІущащэ щэхуу бзылъхугъэр, и къуэм и насыпым щыгуфІыкІыу.

# Ерыскъы шынагъуэншагъэр

**«Урысейм и Мэкъумэш банкым» агросекторыр и чэзум икІи къанэ щымыІэу мылъкукІэ къызэрегъэпэщ: 2022 гъэр къызэрихьэрэ абы щІыхуэу итащ сом мелард 1,2-м щІигъу. А мылъкум и ныкъуэм нэблагъэр дэчых зиІэ ставкэм тетщ. Абы теухуауэ 24-нэ «Бжьыхьэ дыщафэ» урысейпсо агропромышленнэ гъэлъэгъуэныгъэм къыщыпсэлъащ «Урысейм и Мэкъумэш банкым» и унафэщІ Листов Борис.**

БАНК къулыкъущІэм и псалъэхэм къызэрыхэщамкІэ, дэчых зиІэ кредит тыным банкым хигъэхъуащ: сом мелард 513-рэ ятащ, илъэс блэкІам нэхърэ процент 23-кІэ нэхъыбэщ.

«Дэчых зиІэ кредитыр къагъэсэбэпыну Іэмал яІэ хъуащ агрохолдингышхуэхэм я мызакъуэу фермерхэми. Гулъытэ хэха зыхуащІхэм ящыщщ Урысейм и ерыскъы шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщ зи чэзу губгъуэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІыным. Кредитхэм я фІыгъэкІэ мэкъумэшыщІэхэр къызэгъэпэща хъуащ техникэмкІэ, гъэсыныпхъэхэмкІэ, жылэхэмкІэ, щІыгъэпшэрхэмкІэ. Бжьыхьэ Іухыжыгъуэм ипкъ иткІэ гъавэмкІэ рекорд щыІэну дыпоплъэ - тонн мелуани 150-м нэблагъэ. Ауэ иджыпсту щыщІэдзауэ дэ жыджэру мылъку худоутІыпщ бжьыхьэ губгъуэ лэжьыгъэхэм - илъэс къэкІуэнум и гъавэм», - жиІащ банкым и унафэщІым.

Листов Борис къыхигъэщащ хуабэщ (теплицэ) унэтІыныгъэм иІэ субсидиехэм я пІалъэм илъэс 12-м къыщыщІэдзауэ илъэс 15 пщІондэ хэгъэхъуэным теухуауэ УФ-м и Правительсвэм къищта унафэм мэкъумэшыщІэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэм.

«Ар щІэгъэкъуэнышхуэ хуэхъунущ къэралым увыпІэшхуэ щызыубыд ерыскъыхэкІ унэтІыныгъэм зиужьыным. Хуабэщхэм я процент 50-м щІигъур ухуэным ди банкым и мылъку хуиутІыпщащ, абы къыхэкІыуи дыщыгъуазэщ а Іуэхугъуэм мылъкушхуэ зэрытекІуадэми зэман кІыхькІэ хэплъхьар къызэрыхэкІыжми», - жиІащ «Мэкъумэш банкым» и Іэтащхьэм.

Листовым къызэрилъытэмкІэ, а псом къыдэкІуэу агробизнесыр мылъкум и мызакъуэу къыщІагъэкІ ерыскъыпхъэхэр зэрагъэкІуэтэн Іэмэпсыми хуэныкъуэщ. 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м «Бжьыхьэ дыщафэ» гъэлъэгъуэныгъэм «Урысейм и Мэкъумэш банкым» утыку къыщрихьащ дуней псом щыяпэ АПК-м хуэунэтІа «Своё» бжыгъэ экосистемэ. НобэкІэ абы хохьэ къэралым щынэхъ ин дыдэ ерыскъы къыщІэзыгъэкІхэм я Іуэхутхьэбзэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я маркетплейсыр, фермер ерыскъыпхъэхэм я интернет-тыкуэн, лэжьакІуэхэр къыщыхах платформэр, нэгъуэщІхэри. Жыджэру интернет напэкІуэцІыр къэзыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр цІыху мелуани 3-м щІигъуащ.

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ ІэнатІэм епха ІуэхущІапІэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ лъабжьэ быдэщ «Урысейм и Мэкъумэшбанк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ къалъытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхухэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

### Прозэу тха усэхэр

## ГъащIэ пэж

ЦIыхушхуэм гъащIэ пэжкIэ псэун щыщIидзэр и пкъыр дунейм ехыжа нэужькIэщ. Дуней гъащIэм и Iэмалыншагъэхэм, и хэкIыпIэншагъэхэм ирихулIэурэ зэсэж Iэхъулъэхъу куэдыкIейм яIэщIэкIыу, бампIэхэм, гуауэхэм, щэIухэм, гызхэм я зэхуакум къадищIыкIа и Iуэхущ Iафэ лъагэхэр, псэм къыхищIыкIа и телъыджэхэр хэт дежкIи наIуэ хъуа нэужькIэщ цIыхушхуэм и гъащIэ нэсым, гъащIэ пэжым щыщIидзэр.

Тхьэм къыхуиухауэ къыздрихьэкI а пщэрылъ лъагэм емыкIурэ емыщхьу къыкIэрыпщIа жьгъей-фэгъей къомыр зэманым кIэрегъэщэщыжри, апхуэдэ гъащIэр къолыд пшагъуэ Iувыр щхьэщыкIыу зи щыгур дахащэу уэгу къащхъуэм къыхэщыжа Iуащхьэмахуэу...

А зыр фIыуэ хэлъщ Ажалым и IэщIагъэм.

## ДызылъэмыIэс дуней

Гу къуэпсым пыкIэзызыхь пшыналъэ дахащэм содаIуэ. СедаIуэурэ, согупсыс: сыту дытхьэмыщкIэ дэ, цIыхухэр. А пшыналъэм иджыпсту си нэгу къыщIигъэува дунейм сэ зэи, зэи сытехьэфынукъым... ГъащIэр нэр игъэлажьэу фагъуэщ. Псэр ибэмпIыхьу къызэрыгуэкIщ. Гур кърит хъунщIыкIыу пхъашэщ. ТхьэкIумэр икудэу хущхьэ макъ зэфэзэщщ. ГъащIэр - илъэс мин бжыгъэкIэрэ зэхалъхьа курыбэщ. Зэхэзылъхьари щIызэхалъхьари къахуэмыщIэж курыбэ зэкIуэкIащ. Абы дэ ди псори, псори хофыхь... ди хъуэпсапIэхэм къищынэмыщIа... ХъуэпсапIэхэр тхъурымбэ напIэурэ уафэм докIуей. ДокIуейри, а дэ зызыхуэтшийуэ зэи дызылъэмыIэс дунейм зыхаунащIэ.

**IУТIЫЖ Борис**.

### Къуалэбзухэр

## АмкIыщ



**АмкIыщ** - Хохлатая синица. ЦIыжьдадэ лъэпкъщ. Щопсэу Европэмрэ Кавказымрэ я мэзхэм. ЩIымахуэм зыщIыпIи лъэтэжыркъым. Абгъуэ здищIыр псей, уэздыгъей жыг гъуанэхэрщ. Адрей цIыжьдадэ лIэужьыгъуэхэм къащхьэщыкIыу и пщэм кусэ фIыцIэхэр хэлъщ, хулъэ щIагъым гъуэжьыфэ къыщIоуэ. И Iусым хохьэ псей, уэздыгъей жыг жылэхэр, хьэпщхупщхэр.

## БгъащхъуэкIэху

**БгъащхъуэкIэху** - Орлан-белохвост. Мыри къашыргъэ лъэпкъщ. ПIащэщ, чыли 6-м щIигъу къешэч, теплъэкIэ бгъащхъуэм ещхьщ. Хамэ къэрал куэдым щыIэщ. Мыбы и абгъуэр лъагэу Iэтауэ щещI жыгыщхьэ къырхэм. Нэхъыбэу щыболъагъу тенджыз Iуфэхэм, гуэлхэм, псыежэххэм я гъунэгъуу. Я шхыныгъуэр бдзэжьей, псыбабыщ, къазхэкI лIэужьыгъуэхэрщ. Мы къуалэбзур тхылъ плъыжьым ихуахэм ящыщщ.

**БРАТ Хьэсин**.



## Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## ДзасэкIэ гъэжьа мэл жьэжьей

Жьэжьейм и кIыхьыпIэмкIэ тIу-щыуэ зэгуагъэжри и фэр трах, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, и кIыхьыпIэмкIэ дзасэм фIалъхьэ. Шыгъушыпс тракIэурэ хьэзыр хъуху дэпкIэ ягъажьэ. Iэнэм щытралъхьэкIэ дзасэм къыфIахыж, пIастэ хуабэм тралъхьэ, IупщIэурэ упщIэта бжьыныщхьэ трагъэщэщэж. Пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** жьэжьейуэ - г 300, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 75-рэ, шыгъушыпсу - узыхуейм хуэдиз.





## ЛыцIыкIулыбжьэ, бжьыныху щIэгъэжьыхьауэ

Мы ерыскъыгъуэр нэхъ къызыхащIыкIыр былымылым и тхыцIэл щабэращ. ЛыпцIэр зэпаупщI псыгъуэ цIыкIуурэ, и кIыхьагъыр см 3 - 4, и хьэлъагъыр г 10 - 15 хуэдизурэ. Шыгъу трагъэщащэри тIэкIу щагъэлъ. ИтIанэ Iэнэм тралъхьэри ягъэжэпхъ. Бжьыныхур яукъэбз, пIащIэурэ яупщIатэ. ТебэкIэ тхъу къагъэплъ, абы лы шыуар мыIув дыдэу иралъхьэ, зэIащIэурэ, тхъуэплъ къищIыху ягъажьэ, бжьыныху упщIэтар хакIутэри, зэIащIэурэ дакъикъэ 1 - 3 хуэдизкIэ ягъажьэ, абы шыбжий сыр хьэжа хагъэщащэ. Псори зэрызэщIэлъу, зэрызэIащIэм хуэдэурэ, тхъуэплъ дахэ хъуху ягъажьэ. Абы и ужькIэ шатэ тIэкIу щIакIэ, зэIащIэ, тебащхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету дакъикъэ зы-тIукIэ ягъэбэкхъ. Iэнэм, зэрызэщIэлъу, тепщэчкIэ трагъэувэ. ПIастэ, мырамысэ хуабэ, щIакхъуэ, лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ): былымыл лыпцIэу - г 300, тхъууэ - г 80, бжьыныхуу - г 40, шатэу - г 50, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

### ЖыIэгъуэхэр

## Хэхъуэ зиIэм хъуэхъу хужаIэ

**♦Пэжыр хэт и дежкIи жыIэгъуейщ.**

**♦ГушыIэ здэщымыIэ Iэнэм щысыгъуейщ.**

**♦УнафэщIыр куэдрэ кIиймэ, Iуэхум химыщIыкIыу аращ.**

**♦Нэхъыжьым жиIэм емыдэIуэфым, нэхъыщIи къигъэдэIуэфынукъым.**

**♦Дуней жэнэтым ухуеймэ, зэгурыIуэ здэщыIэ къэлъыхъуэ.**

**♦УиIэ мащIэмкIэ уарэзымэ, икъукIэ укъулейщ.**

**♦Бгъэдэт гу къабзэкIэ ныбжьэгъум, акъылкIэ бгъэдэтыф уи бийм.**

**♦Уи напэр пщэжкIэ къулей ухъунукъым.**

**♦ЦIыхум хуэпщIэр щыгъупщэжми, епщIэр щыгъупщэжыркъым.**

**♦Псори зэхуэдэу фIыуэ зылъагъуф щыIэкъым.**

**♦Хэхъуэ зиIэм хъуэхъу хужаIэ.**

**♦УзыфIрэ зауэфIрэ щыIэкъым.**

**♦Сыт хуэдэ лъагагъми и къежьапIэр щIылъэращ.**

КIУРАШЫН Алий.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **3**. ЗыщIэн ... и унэ иречри иресэж. **6**. ... нэхур «благъэщ» жыпIэу умыкIуэ, хьэ банэ макъыр «жыжьэщ» жыпIэу къыумыгъанэ. **9**. ... щыщ и щыдэжынщ. **10**. ... псори пцIыупсщ. **11**. Зи ныбэ изым ... ищIэркъым. **12**. Лэжьыгъэу щыIэр зы нэдым ихуэркъым, щIэныгъэу щыIэр зы ... ищIэркъым. **14**. ... зэхэдзэ нэхърэ - Iыхьэ зэхэдзэ. **15**. Дунейр бгъэкIэ...

***Къехыу:*** **1**. Уи ... уигу ебгъамэ, уипхъу ешхыдэ. **2**. Бзэр зэзым нэхърэ нэхъ ... **4**. Iэнэм упэрысыху, гъащIэм ...**5**. Дыщэр дыщэпс ... **7**. Ныбгъуэр жьы хъумэ, ... мэхъуж. **8**. ... уэфIрэ пщы IупэфIэгъурэ. **13**. Махуэм ... къелъху. **14**. Уипщ хьэхуэгъу-щIыхуэгъу ...

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.



## Жэпуэгъуэм и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Жьапщэ. **6**. Бжьыдзэ. **7**. Фэлъыр. **9**. Выуэч. **12**. Шыр. **13**. Ужьэ. **14**. Тощ. **15**. Шагъыр. **16**. Джарым. **18**. Трасс. **20**. Пхъэбгъу.

***Къехыу:*** **1**. Бжьэф. **2**. Ущ. **3**. Кхъужь. **4**. Тэрч. **8**. Лъэрыгъ. **10**. Уэтэр. **11**. Бжьы. **15**. Шатэ. **17**. Мыгъуэ. **19**. Сэ. **21**. Хъы.

### Хабзэ

# ХьэщIэ щыIэщ, фытекIуэт!

Къуажэм ящыщ зыгуэрым щIалэ хьэщIэ къахуэкIуамэ, жылэм джэгу е нэгъуэщI нэгузыужь Iуэхугъуэ гуэр щыIэмэ, абы яшэрт. ХьэщIэр ирагъэблагъэрти, гуп зэхэс здэщыIэм щIашэрт. Ирагъафэ-ирагъашхэрт, къыщIашыжырти джэгум Iуашэрт.

А унагъуэм нэхъ и гъунэгъу хъыджэбзхэм фадэбжьэ къыхуахьырт. Джэгум Iутхэм хэгъэрей зыкъыхуащIырт, нэжэгужэу къыбгъурыувэхэрт.

ХьэщIэм и гупэмкIэ цIыху къэуву джэгум Iут нэхъыжьхэм ядэртэкъым, «ХьэщIэр щIыбагъ умыщI!» - жаIэрти.

Ауэ нэхъыбэрэ къызэрыхъу хабзэти, щIалэ хьэщIэ къахуэкIуамэ, къуажэм шыгукIэ хыхьэрти, хъыджэбзхэр, я адэ-анэм елъэIуурэ, къыхашырти, джэгу хуащIырт. Хъыджэбзхэр епIэщIэкIыу къыхашу зылъагъу щIалэхэр епIэщIэкIыу, езыр-езыру къызэхуэсхэрт.

Iуэхур къызэрагъэпэщыху, щIалэ хьэщIэм Iэнэ къыхуащтэрт. Хуэмурэ щIалэхэр къызэхуэсырти, джэгур зэхаублэрт. Зы зэман хьэщIэхэр къыщIашырт. «ХьэщIэ щыIэщ, фытекIуэт!» - жаIэрти джэгум Iутхэр зэлъыIукIуэтырт. ЩIалэхэр къэкIуатэрти фIэхъус къырахырт, зыхуэфащэхэри къыбгъэдэувэрт. Утыкур инт, щIалэхэр зы лъэныкъуэмкIэ, хъыджэбзхэр нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ щызэхэтт. Джэгур езыгъэкIуэкIым къэфэнуми, пшынэ зэхъуэкIын, Iэгу еуэн хуейми я унафэ ещI.

ХьэщIэр къыщыфэкIэ пшынэри Iэгури щIагъэхуабжьэрт, нэмыс хуащIу. ХьэщIэр къыщыфэнум, «фыкъыдэмыж, хьэщIэ щыIэщ!» - жаIэрти, адрейхэр утыку кърагъэхьэртэкъым. ХьэщIэр къыдашырт. Хъыджбзхэм ящыщу нэхъ дахэр, зэкIужыр е пшынауэр къыхудашырти, къыдагъафэрт. Хэгъэрейхэм ящыщ зыгуэркIэ утыку къихьауэ хьэщIэр къагъэфэну мурад ящIамэ, а къыдэкIам игъэзэжырти, и пIэ иувэжырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ хьэщIэм пщIэ зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэрт.

Джэгум Iут хъыджэбзхэр Iэгу еуэртэкъым адыгэ хабзэмкIэ. Ауэ хьэщIэр къыщыфэкIэ хъыджэбзхэри Iэгу еуэрт, хьэщIэр ягъэлъапIэу.

# СурэтыщIхэр ягъэлъапIэу

**КъБР-м и Лъэпкъ музейм жэпуэгъуэм и 11-м щагъэлъэпIащ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академиемрэ (РАХ-м) КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къызэрагъэпэща зэпеуэм пашэ щыхъуа художникхэр. Ди республикэм и сурэтыщIи 2-м академик щIыхьыцIэр къыфIащащ, 8-м дамыгъэ лъапIэхэр иратыжащ.**

**● Хъыбар гуапэ**



КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат зэхыхьэр къыщызэIуихым, абы зыкърезыхьэлIахэм, хьэщIэхэм, РАХ-м и лIыкIуэхэм фIэхъус гуапэ ярихри, и псалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм крикIуам тету, нэхъыфIхэр, зэфIэкI зиIэхэр зэрагъэпэжэнур.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин жиIащ сурэтыщI Црым Русланрэ скульптор ГъущIапщэ Арсенрэ РАХ-м и академик зэрыхъуар, иджы академикибл республикэм зэриIэр. Министрым фIыщIэ яхуищIащ выставкэм зи лэжьыгъэ щызыгъэлъэгъуа сурэтыщI псоми.

- Гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ гулъытэ щызиIэ фи щIыналъэ дахэм ди гуапэу дыщохьэщIэ. Творчествэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ зэрыхувиIэр уасэншэщ, - жиIащ Бобыкин Андрей, РАХ-м и Президентым и къуэдзэм.

РАХ-м и Президент Церетели Зураб республикэм и юбилейм теухуауэ КIуэкIуэ Казбек къыхуигъэхьа хъуэхъу тхыгъэм Бобыкиныр къеджа нэужь, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Русланрэ скульптор ГъущIапщэ Арсенрэ РАХ-м и академик цIэ лъапIэр къызэрыхуагъэфэщам теухуа хъыбар гуапэр жиIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщI зы хъыбарыфIи: Къэбэрдей-Балъкъэрым и сурэтыщIхэм ящыщу 8 зэпеуэм зэрыщытекIуар жиIащ икIи абыхэм дамыгъэ лъапIэхэр яритыжащ РАХ-м и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и лэжьакIуэ, гъуазджэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Ступин Сергей. Абы щIыхь тхылъхэр тыгъэ яхуищIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэгъэпэщыным жыджэру хэлэжьыхьахэми.

### Црым Руслан и дерсхэр

Мы Iуэхум къыкIэлъыкIуащ сурэтыщI гъуазджэм дихьэххэм я гуапэ хъуа нэгъуэщI зыи: КъБР-м и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэдахэу зэIузэпэщ ящIа утым кърашIыхьа галереем и бжэр япэу къызэIуихащ Црым Руслан и лэжьыгъэхэмкIэ. СурэтыщI цIэрыIуэм абдеж дерс щитащ щIалэгъуалэм папщIэ.

Зэхыхьэ гуапэр икIи щхьэпэр къызэрагъэпэщащ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академиемрэ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ зэгъусэу ягъэзащIэ «ЦIыхур. ЩIыуэпсыр. Хьэршыр» проектым хыхьэу.

Выставкэм серие 13-м ящыщ лэжьыгъэ 24-рэ хагъэхьащ. Зэхыхьэм къекIуэлIахэм Iэмал яIащ QR-кодхэр къагъэсэбэпу, серие 13 къызэщIэзыубыдэ лэжьыгъэ псоми еплъыну. Къэбгъэлъагъуэмэ, «Трансформация квадрата Малевича» сурэтым и сериехэр 35-рэ мэхъу, «Автопортрет» сериер - 15. Лэжьыгъэ псори зы гъэлъэгъуэныгъэм зэуэ утыку къызэрыщрамыхьэфым къыхэкIыу, иджырей QR-код Iэмалыр къагъэсэбэпри, сурэтхэм хагъэгъуэзащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм ухэзыгъэгъуазэ аудио щIыгъущ. Выставкэр зи жэрдэмри ар зи нэIэм щIэтари Ступин Сергейщ.

- ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академикибл Къэбэрдей-Балъкъэрым иIэщ. Ар и щыхьэтщ мы щIыналъэр зэфIэкI зиIэ цIыхухэмкIэ зэрыкъулейм, - жиIащ Ступиным.

ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIащ республикэм и творческэ еджапIэхэм я студентхэм, Ставрополь крайм къикIахэм. Абыхэм Iэмал яIащ гъуазджэ лэжьыгъэхэм зыхагъэгъуэзэну, ахэр зи Iэдакъэщ[I]экI цIыху IэпщIэлъапщIэхэм епсэлъэну. ЩIалэгъуалэр дихьэхауэ едэIуащ Црым Руслан къажриIам.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





**● Школ хъыбархэр**

# ЕджапIэр зэрагъэпэщыж

**Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм къэрал гулъытэшхуэ щигъуэт мы зэманым школыщIэ куэд щаухуэ, щыIэхэр къызыхуэтыншэу щызэрагъэпэщыж ди щIыналъэм. Абыхэм я тегъэщIапIэщ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэ хэхахэмрэ.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ, Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №3-м щокIуэкI ухуэныгъэ-зэгъэпэжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр. ЩIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущапiэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, ухуакIуэхэр мы зэманым йолэжь школым и унэр, пщIантIэр зыхуей хуэгъэзэжыным. А лэжьыгъэхэм пэрытщ гуп зыбжанэ. Абыхэм еджапIэм и кIуэцIыр зэрахьэ, лъэгухэр кърагъэжыкI, плиткэхэр ирадз, школ щIыбыр зыхуей хуагъэзэ, унащхьэр щIэкIэ яхъуэж.

Ухуэныгъэ-зэгъэпэжыныгъэ лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI, егъэджэныгъэм зэран хуэмыхъуу. Абы папщIэ Iэмал псори къыхузэрагъэпэщащ егъэджакIуэхэми ныбжьыщIэхэми.

Къыхэдгъэщынщи, еджапIэр куэд лъандэрэ хуэныкъуэт апхуэдэ лэжьыгъэхэм. 1968 гъэм яухуауэ щыта унэр иджы зэрагъэпэщыж, къагъэщIэрэщIэж лъэныкъуэ псомкIи.

УхуакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, зэгъэпэжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэфIэкIынущ дызэрыт илъэсым и кIэухым ирихьэлIэу. ЕтIанэгъэ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр щаублэнущ Бахъсэн къалэм дэт курыт школхэу етхуанэмрэ ебланэмрэ.

**ТАМБИЙ Линэ.**

# Авиамоделист цIэрыIуэм и щIыхькIэ

**Аруан куейм щекIуэкIащ авиамодельнэ спортымкIэ Урысейм и Кубокым и етхуанэ, еханэ Iыхьэхэр. Абы хэтащ ди къэралым и щIыналъэ 30-мрэ Къэзахъстанымрэ къикIа спортсменхэр.**

ЩIЫНАЛЪЭМ хыхьэ Къэхъун къуажэ гупэм хабзэ хъуауэ илъэс къэс щокIуэкI Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм авиамодельнэ спортымкIэ и зэхьэзэхуэхэр. А щIыпIэр зыхуэзэмрэ дунейм и щытыкIэмрэ спорт лIэужьыгъуэм хуэщIауэ щытщ.

Псори зэхэту Урысейм и Кубокым щызэхьэзэхуащ спортсмени 130-рэ. Ахэр зэпеуащ планер, двигатель зэмылIэужьыгъуэ зыдэт кхъухьлъатэ авиамодель лIэужьыгъуэхэмкIэ.

Урысей Федерацэм и Кубокым и етхуанэ Iыхьэр хуагъэпсащ авиамоделированием хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Къэбэрдей-Балъкъэрым и авиамоделист Гурьянов Эдуард.



Аруан районым и техник ныбжьыщIэхэм я станцым и унафэщI Нало Юрэ къызэрыхигъэщамкIэ, дунейм и щытыкIэм емылъытауэ, зэхьэзэхуэхэм хэтыну хуейуэ гукъыдэж зыщIа дэтхэнэри ирегъэблагъэ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.736 • Заказыр №2088

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А